

**TRADHISI ZIARAH ING PETILASAN-PETILASAN WONTEN ING
GUNUNG SRANDIL DESA GLEMPANG PASIR KECAMATAN
ADIPALA KABUPATEN CILACAP**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



dening

Andhika Wicaksana

NIM 09205244046

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Andhika Wicaksana

NIM : 09205244046

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngemot *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi migatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Panyerat



Andhika Wicaksana


PASARUJUKAN


Skripsi kanthi irah-irahan *Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap* menika saged dipunujukaken awit sampun pikantuk palilah saking *Dosen Pembimbing*.



Yogyakarta, 12 Agustus 2014
Dosen Pembimbing I,

Yogyakarta, 12 Agustus 2014
Dosen Pembimbing II,


Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum
NIP. 19621008 198803 2 001


Dr. Purwadi, M. Hum
NIP. 19710916 200501 1 001


PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap* menika sampun dipunandharaken ing salebeting pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* rikala tanggal 28 Agustus 2014 saha dipuntetepaken lulus.

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
|-----------------------------------|--------------------|---|-----------|
| Dr. Suwardi, M.Hum. | Ketua Penguji |  | 26-9-2014 |
| Dra. Purwadi, M.Hum. | Sekretaris Penguji |  | 16-9-2014 |
| Prof. Dr. Suharti, M.Pd. | Penguji I |  | 15-9-2014 |
| Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. | Penguji II |  | 16-9-2014 |

Yogyakarta, 29 September 2014
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,




Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

SESANTI

“Sabar iku ingaran mustikaning laku”

(Pitutur)

PISUNGSUNG

Kanthi linambaran pamuji sukur dhumateng Ngarsaning Gusti Allah ingkang Maha Mirah lan Welas Asih, skripsi menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih, ingkang sampun paring panggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, menapa dene sih katresnan.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing Ngarsaning Gusti Allah Inggang Maha Kuwaos ingkang sampun paring pangayoman, saengga karaharjan, kabegjan, saha kabagyan tansah tumanduk dhateng panyerat. Satemah skripsi kanthi irah-irahan **“Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempong Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap”** menika sampun rampung anggenipun nyerat. Skripsi menika saged mawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking kathah pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum, minangka ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing salaminipun maguru.
3. Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum, minangka *pembimbing I* ingkang sampun tlatos anggenipun paring bimbingan.
4. Bapak Dr. Purwadi, M. Hum, minangka *pembimbing II* ingkang sampun nuntun kanthi sabar.
5. Ibu Siti Mulyani M, Hum, minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring piwulang ing sadangunipun maguru.
6. *Dewan penguji* sadangunipun Pandadaran Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saha pamrayogi saengga anggen kula nglampahi pandadaran menika saged katampi.
7. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng panyerat.
8. Sedaya *staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta* ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru saengga saged rancag ing sedayanipun.

9. Tiyang sepuh kula kekalih saha para sanak sedherek kula ingkang sampun paring panjurung, pandonga miwah sih katresnan.
10. Kulawarga Kost B 19c, ingkang sampun paring donga saha panjurung.
11. Kanca-kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 mliginipun kanca-kanca kelas H (H.Com) sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurung dhateng panyerat.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi menika taksih tebih saking ingkang sinebat sampurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jangkeping skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Ewa semanten panyerat ugi gadhah pangajeng-ajeng sageda skripsi menika migunani tumrap sok sintena kemawon ingkang maos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, 12 Agustus 2014

Panyerat,

Andhika Wicaksana

WOSING ISI

| | Kaca |
|-------------------------------------|------|
| IRAH-IRAHAN | i |
| PASARUJUKAN | ii |
| PANGESAHAN..... | iii |
| WEDHARAN | iv |
| SESANTI | v |
| PISUNGSUNG | vi |
| PRAWACANA | vii |
| WOSING ISI..... | ix |
| DHAFTAR TABEL | xii |
| DHAFTAR GAMBAR | xiv |
| DHAFTAR LAMPIRAN | xv |
| SARINING PANALITEN | xvi |
| BAB I PURWAKA | 1 |
| A. Dhasaring Panaliten | 1 |
| B. Wosing Perkawis | 6 |
| C. Ancasing Panaliten | 7 |
| D. Paedahing Panaliten | 7 |
| BAB II GEGARAN TEORI | 9 |
| A. Andharan Teori..... | 9 |
| 1. Folklor | 9 |
| 2. Pangertosan Tradhisi | 12 |
| 3. Tradhisi Ziarah..... | 13 |
| 4. Simbol | 15 |
| B. Panaliten ingkang Laras..... | 19 |
| BAB III CARA PANALITEN | 23 |
| A. Jinising Panaliten | 23 |
| B. <i>Setting</i> Panaliten | 24 |
| C. Sumber Data..... | 24 |

| | |
|--|----|
| D. Caranipun Ngempalaken Data..... | 25 |
| 1. <i>Observasi Partisipasi</i> | 25 |
| 2. <i>Wawancara Mendalam</i> | 26 |
| E. Pirantining Panaliten..... | 26 |
| F. Caranipun Nganalisis Data..... | 27 |
| G. Caranipun Ngesahaken Data | 29 |
| BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN | 31 |
| A. Deskripsi Setting..... | 31 |
| 1. Andharaning Wekdal saha Papan Panaliten | 31 |
| 2. Paraga Tradisi Ziarah..... | 36 |
| a. <i>Peziarah</i> | 37 |
| b. Padamelan | 38 |
| c. <i>Sistem Religi</i> | 39 |
| B. Asal-usulipun Tradisi Ziarah wonten ing Petilasan-petilasan ing Gunung Srandil..... | 40 |
| 1. Kawontenaning Petilasan | 43 |
| C. Prosesi Tradisi Ziarah wonten ing Petilasan-petilasan ing Gunung Srandil | 52 |
| a. Urut-urutanipun Prosesi Ziarah | 54 |
| 1) Sowan Griyanipun Juru Kunci..... | 54 |
| 2) Nyawisaken Sesaji | 56 |
| 3) Nyamektakaken Dhiri | 58 |
| 4) Sowan ing Petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil | 60 |
| 5) Ngubengi Gunung Srandil | 65 |
| 6) Panutup | 68 |
| D. <i>Makna Simbolik Sesaji</i> | 68 |
| 1. Sekar Telon..... | 70 |
| 2. Menyan | 72 |
| E. Paedahipun Tradhisi Ziarah..... | 73 |
| 1. Paedah <i>Spiritual</i> | 74 |
| 2. Paedah Sosial | 76 |
| 3. Paedah Kangge Nglestantunaken Tradhisi | 77 |

| | |
|----------------------------|----|
| 4. Paedah Ekonomi | 79 |
| BAB V PANUTUP | 81 |
| A. Dudutan | 81 |
| B. Pamrayogi..... | 83 |
| KAPUSTAKAN | 85 |
| LAMPIRAN | 87 |

DHAFTAR TABEL

| | | |
|---------|---------------------|------|
| | | Kaca |
| Tabel 1 | Sistem Religi | 39 |

DHAFTAR GAMBAR

| | Kaca |
|---|------|
| Gambar 01: Peta Kecamatan Adipala | 32 |
| Gambar 02: Peta Desa Glempang Pasir Denah Lokasi..... | 32 |
| Gambar 03: Denah Lokasi..... | 33 |
| Gambar 04: Denah Petilasan Gunung Srandil | 34 |
| Gambar 05: Gunung Srandil saking sisih wetan..... | 43 |
| Gambar 06: Petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang..... | 45 |
| Gambar 07: Petilasanipun Mbah Gusti Agung..... | 46 |
| Gambar 08: Petilasanipun Eyang Sukma Sejati..... | 48 |
| Gambar 09: Petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari..... | 49 |
| Gambar 10: Petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga.... | 50 |
| Gambar 11: Petilasanipun Eyang Langlang Buwana..... | 51 |
| Gambar 12: Griyanipun Juru Kunci..... | 55 |
| Gambar 13: Sesaji ingkang dipuncawisaken..... | 57 |
| Gambar 14: Petilasan Mbah Gusti Agung | 61 |
| Gambar 15: Petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga ... | 63 |
| Gambar 16: Petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang | 64 |

| | |
|--|----|
| Gambar 17: Undhak-undhakan tumuju petilasan Eyang Langlang Buwana | 65 |
| Gambar 18: Petilasan Eyang Langlang Buwana..... | 66 |
| Gambar 19: peziarah ingkang sami mubeng..... | 67 |
| Gambar 20: Sekar Telon saha Menyan..... | 71 |

DHAFTAR LAMPIRAN

| | |
|--|------|
| | Kaca |
| Lampiran 01 : Catetan Lapangan Observasi..... | 88 |
| Lampiran 02 : Catetan Lapangan Wawancara | 104 |
| Lampiran 03 : Surat Pernyataan Informan | 134 |
| Lampiran 04 : Surat Ijin Panaliten | 139 |

**TRADHISI ZIARAH ING PETILASAN-PETILASAN WONTEN ING
GUNUNG SRANDIL DESA GLEMPANG PASIR KECAMATAN
ADIPALA KABUPATEN CILACAP**

**Dening: Andhika Wicaksana
NIM 09205244046**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken asal-usulipun tradhisi ziarah, prosesi ziarah, makna simbolik sesajen ingkang dipun ginakaken wonten ing tradhisi ziarah, saha paedahipun ziarah tumrap warga panyengkuyung.

Panaliten menika ngginakaken metode panaliten kualitatif. Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika ngangge cara observasi berpartisipasi saha wawancara mendalam. Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu dening *tape recorder*, *camera digital* saha piranti kangge nyerat. Caranipun *nganalisis* data ngginakaken *teknik analisis induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi metode* saha *triangulasi sumber*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Asal-usul Tradhisi Ziarah inggih menika dipun adani saking jaman Majapahit bilih sesampunipun kangge tapa dening Prabu Brawijaya Pamungkas kaliyan Mahapatih Gajah Mada saha para pujangganipun, lajeng ingkang versi satunggalipun inggih menika nyebataken bilih Gunung Srandil dipunangge nyebaraken agami Islam wonten ing *peisir pantai selatan* ingkang dipun wiwiti dening Mbah Gusti Agung Sultan Ahmad Murahidin ingkang salajengipun dipun ginakaken dening masarakat panyengkuyung kangge ritual nyaketaken kaliyan Gusti Inggang Maha Kuwaos. Benteipun versi mboten ndadosaken perkawis dening masarakat panyengkuyung, sedayanipun sami ngormati menapa ingkang sampun ngrembaka. (2) Prosesi tradisi ziarah (a) sowan ing petilasan-petilasan wonten ing gunung srandil. (b) ngubengi gunung srandil. (c) panutup. (3) Makna simbolik sesajen menika kangge mahyakaken raos sukur kita dhateng ngarsaning Gusti supados peziarah tansah pinaringan kawilujengan, katentreman, kabagaswarasan sarta pinaringan gampil anggenipun ngupadi rejeki ing sajroning lampah pagesanganipun. (4) Paedahipun tradhisi Ziarah tumraping masarakat panyengkuyung inggih menika (a) paedah *spiritual*, (b) paedah sosial, (c) paedah *pelestari* tradhisi, saha (d) paedah ekonomi.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Indonesia minangka negara *kepulauan* ingkang gadhah warna-warni suku, agama, ras saha golongan. Saben suku bangsa wonten ing Indonesia gadhah kabudayan sarta adat ingkang beda, saha saben suku wonten ing Indonesia gadhah basa ingkang maneka ragam. Saben suku bangsa gadhah karakter kabudayan ingkang beda-beda. Suku-suku bangsa wonten ing Indonesia ingkang arupi werni sanget menika nedahaken bilih ragam budaya ingkang kedah dipun-rembakakaken saha dipun-lestamtunaken minangka *ciri khas* bangsa Indonesia. Salah satunggaling suku bangsa Indonesia ingkang gadhah karakteristik inggih menika suku Jawa.

Suku Jawa minangka salah satunggaling suku ing Indonesia ingkang gadhah mawarna-warni *adat istiadat* ingkang taksih asring dipun-lampahi. Adat istiadat ingkang dipun-lampahi boten tebih saking satunggaling kapitadosan utawi keyakinan ingkang taksih wonten ing pagesangan suku Jawa. Suku Jawa gadhah kabudayan ingkang nggambaraken *corak saha ragam* ingkang khas ing kathah *aspek* pagesangan masarakat Jawa.

Koentjaraningrat (1990 : 203-204) ngandharaken bilih kabudayan minangka ragam khas ing salebeting perangan pagesanganipun manungsa saged kita mangertosi bilih ragam kabudayan menika kathah sanget, ingkang antawisipun awujud upacara adat, kapitadosan masarakat, adat istiadat, kesenian lan sapanunggalanipun. Budaya Jawa ingkang dipun-gadhahi kaliyan masarakat Jawa

hakekatipun wonten *unsur-unsur* kabudayan ingkang salebetipun inggih menika basa, *ilmu pengetahuan, organisasi sosial, sistem peralatan gesang saha teknologi, sistem mata pencaharian, sistem kapitadosan saha kesenian.*

Adhedhasar *unsur-unsur* kabudayan ingkang sampun disebataken menika, salah satunggalingipun arupi *tindakan* ingkang dipun-lampahi dening masarakat. Salah satunggaling wujud saking kabudayan menika dipun-lampahi tradhisi utawi upacara adat. Saben daerah gadhah tradhisi upacara adat ingkang beda. Saben papan wonten ing Indonesia gadhah warni upacara adat ingkang gadhah *ciri khas*. Ing lelampahanipun, saben tradhisi saha upacara adat gadhah *norma* saha tatacara ingkang taksih ing masarakat. Tradhisi lan upacara adat menika gadhah *norma* saha tatacara ingkang kasusun saking budaya masarakat panyengkuyungipun. Norma menika saged arupi urutan-urutan utawi *prosesi* adat kanthi turun temurun *cenderung* ngalami *perubahan*. Salah satunggaling ingkang ngalami *perubahan* inggih menika *prosesi* ing satunggaling tradhisi.

Tradhisi minangka salah satunggaling wujud kabudayan ingkang dipun-lampahi kaliyan masarakat Jawa, amargi masarakat Jawa boten saged *lepas* saking satunggaling kapitadosan utawi kapitadosan ingkang *nyakup* perangan menika. Masarakat Jawa boten saged uwal saking *aspek* kapitadosan saking perangan-perangan tartamtu ingkang sampun kadadosan kanthi turun-tumurun. Perangan menika bentuk sikap masarakat tumrap warisan leluhuripun. *Sikap* kados perangan menika kedah dados *dominasi sikap* tiyang Jawa ingkang salajengipun saged ngaruh-aruhi pola pagesangan ingkang ndhasari dhateng nasib. Kanthi

tembung sanes, pitados utawi sawalikipun dhateng tradhisi minangka *saged* ndadosaken kabegjanan saha kaslametan kangge nyinaoni *proses* pagesangan.

Perangan menika arupi wujud pakurmatan ingkang gayut kaliyan upaya masarakat Jawa ingkang limrahipun dipun-lampahi kanthi *persembahan-persembahan* ingkang dipunsebat ziarah. Salah satunggalipun tradhisi ziarah ingkang taksih ngrembaka wonten ing masarakat Jawa inggih punika tradhisi ziarah wonten ing papan petilasan. Petilasan inggih punika salah satunggaling tembung saking basa Jawi “tilas” utawi bekas ingkang nunjuk satunggaling papan ingkang nate dipunsinggahi utawi dipunpanggeni dening tiyang (papan ingkang penting). Papan ingkang saged dipunsebut petilasan biasanipun punika papan panggenan, papan istirahat (wonten pangembaran) ingkang radi dangu, papan kangge semedi, papan ingkang dados kadadosan penting, utawi ingkang wonten gayutipun kaliyan legenda. Menawi wonten basa Arab, petilasan dipunsebut ‘*maqam*’ (tegesipun *kedudukan* utawi papan). Tembung ‘*makam*’ wonten basa Indonesia mboten sami kaliyan ‘*maqam*’. Kathah petilasan wonten Indonesia, salah satunggalipun petilasan-petilasan ing Gunung Srandil’ ingkang papanipun wonten ing Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.

Tradhisi ziarah hakekatipun minangka tradhisi ingkang dipun-lampahi kaliyan masarakat Desa Glempang Pasir saha saindengipun kanthi sowan dhateng petilasan leluhur wonten ing Gunung Srandil. Gunung Srandil menika minangka gundhukan lemah arupi bukit alit ingkang wonten lebeting papanipun wonten papan panembahan ingkang tegesipun papan kangge semedi. Srandil inggih dipun-pitadosi salah satunggaling *objek wisata* ingkang dipun-keramataken

dening masarakat ingkang pitados. Boten saking kalangan tiyang panganut kapitadosan (kejawen) ingkang ziarah ing papan menika, nanging kathah ugi ingkang saking kalangan agami Hindu, Budha, saha Islam. Srandil minangka papan kangge semedi utawi pados katentreman batin ingkang saged mungkasi prakawis, menika inggih kanthi restunipun Allah SWT.

Srandil ngandhut teges Sarana saha Adil, inggih menika papan ingkang dipun-ginakaken kangge ngasah dhiri supados saged madosi kaadilan manawi sampun boten wonten *solusinipun* kangge satunggaling prakawis ingkang awon dipun-rampungaken. Wonten ing Gunung Srandil, petilasan ingkang utami inggih menika wonten enem cacahipun, ingkang kaping pisan petilasanipun Mbah Gusti Agung menika minangka titik ingkang *gaib* kaping pisan ingkang paling sepuh wonten ing Gunung Srandil. Salajengipun petilasanipun Eyang Sukma Sejati, menika ingkang dados juru kunci pertama ing Gunung Srandil. Kaping tiga inggih menika Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, menika minangka pendamping utawi garwanipun Eyang Semar. Kaping sekawan inggih menika Eyang Semar utawi Kaki Tunggul Sabdo Jati Doyo Amongrogo, papan menika menika titik utami Gunung Srandil. Papanipun sesampingan kaliyan petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sari. Ingkang kaping gangsal inggih menika petilasanipun Eyang Juragan Dampu Awang utawi Shampokong, menika juragan (*saudagar*) kaya saking Nagari China. Ingkang kaping pungkasan, ingkang papanipun wonten nginggil utawi ingkang dipunsebat penangkilan inggih menika petilasanipun Eyang Langlang Buwana.

Tradhisi ziarah dipunanggep piwujudan kangge ngalap keslametan kangge para panjurung pepenginan ngawontenaken ritual amargi wontenipun tradhisi zaman kapungkur. Sanesipun, wontenipun kapitadosan masarakat panjurung ingkang pitados bilih nindakaken ritual punika pepenginanipun saged dipunijabahi. Para peziarah ingkang asring nindakaken tapa ngebleng utawi mutih ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil gadhah ancas supados panjangkanipun saged kasembadan. Manungsa gesang wonten ing alam donya punika gadhah kathah pepenginan ingkang sami, inggih punika saged gesang kanthi aman lan tentrem. Adhedhasar panjenenganipun gadhah pepenginan supados alanganipun ingkang angel dipunpecahaken, amargi mboten saged dipunnalar kaliyan akal utawi tenaga.

Sanesipun ngawontenaken ziarah, piziarah inggih kedah nyiapaken ubarampe. Ubarampe utawi sarat- sarat upacara kedah dipun siapaken kados ta sesaji. Sesaji wonten ing budaya Jawa minangka ubarampe-ubarampe ingkang ngandhut makna simbolik ing pagesangan manungsa. Makna-makna ingkang ngandhut ing salebeting sesaji limrahipun arupi pangajeng-ajeng ingkang dipun kajengaken dening manungsa sarta donga-donga ingkang dipun tedahaken dening Gusti Inggang Maha Kuwaos. Kanthi mekaten, ubarampe ingkang dipun siapaken wonten ing tradisi ziarah gadhah maksud tartamtu, saha ubarampe menika kedah dipun siapaken kangge lancaripun ritual ziarah.

Ningali awratipun tradhisi ziarah ing Gunung Srandil kangge masarakat Desa Glempang Pasir saha sekitaripun, saged dipun-kelompokaken wonten kapitadosan kaliyan *kedudukan* ingkang kiat. Usada kangge mangertosi tradhisi

ziarah ing Gunung Srandil menika ndadosaken penting kangge dipun-wontenaken. Panaliten menika dipun-*titikberataken* dhateng asal-usulipun tradhisi ziarah. Panaliten menika ugi kangge ngrembag kadospundi prosesi tradhisi ziarah ing Gunung Srandil, ngandharaken makna simbolik sesajen ingkang dipun-ginakaken ing ziarah wonten ing Gunung Srandil saha ngandharaken paedahing tradhisi ziarah ing Gunung Srandil. Mila, panaliti gadhah pangangkah saged neliti tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.

B. Wosing Prakawis

Adhedhasar prakawis ing nginggil menika, saged dipun-andharaken wosing prakawis saking panaliten ingkang irah-irahanipun Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-Petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap inggih menika kanthi makaten.

1. kadospundi asal usul tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap?
2. kadospundi prosesi tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap?
3. kadospundi makna simbolik sesajen ingkang dipun-ginakaken ing tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap?
4. kadospundi paedahing ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap?

C. Ancasing Panaliten

Jumbuh kaliyan wosing prakawis ing nginggil, mila panaliten menika gadhah ancasiipun, wondene ancasiipun panaliten menika inggih menika kangge ngandharaken:

1. asal-usul tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap,
2. prosesi upacara tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap,
3. makna simbolik sesajen ingkang dipun-ginakaken ing tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap,
4. paedah saking ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.

D. Paedahing Panaliten

Panaliten menika dipunajab supados saged suka munfangat, sae menika *teoritis* menapa dene *praktis*.

1. Paedah *Teoritis*

Panaliten menika dipunajab saged dipun-dadosaken minangka pathokan kangge panaliten kabudayan sajinis. Asiling panaliten tradhisi ziarah ing Gunung Srandil kanthi wonten panaliten menika sageda paring pambiyantu kangge *ilmu pengetahuan* kabudayan kanthi mliginipun ing babagan tradhisi ziarah.

Sasanesipun, ugi sageda minangka *bahan kajian* kangge *usaha-usaha* panaliten salajengipun, dados pambanding utawi ancas sanes ingkang *relevan*.

2. Paedah Praktis

Asiling panaliten menika saged paring *informasi* tumrap pamaos ngengingi wontenipun tradhisi Ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap. Kangge masarakat, panaliten menika saged paring pangaribawa dhateng masarakat bilih kabudayan menika wigati, lan kedah dipunlestantunaken supados boten sirna, mliginipun tradhisi Ziarah ingkang gadhah paedah kangge masarakat panyengkuyungipun.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. *Folklor*

Endraswara (2006: 58) ngandharaken “ *folklor* saking tembung *folk* saha *lore*. *Folk* sami tegesipun kaliyan *kolektif* utawi kabersamaan. *Folk* tegesipun rakyat saha *lore* tegesipun tradisi. Dados *folklor* inggih menika salah satunggaling wujud tradisi rakyat.” Saben tradisi rakyat ingkang sampun *mbentuk* ing wilayah piyambak-piyambak, tamtunipun gadhah titikan ingkang dipuntepang. Tradisi Ziarah Wonten Ing Gunung Srandil sampun *turun-tumurun* dados tradisi kangge masarakat panyengkuyungipun. Titikan ingkang dipuntepang inggih menika dipunwarisaken dening leluhur sacara *lesan*, saengga dipunlajengaken masarakat panyengkuyungipun jumbuh kaliyan tradisi ingkang sampun wonten saderengipun.

Folklor gadhah titikan ingkang langkung khusus. Miturut Danandjaja (1991: 59) titikanipun *folklor* inggih menika:

1. *Penyebaran dan pewarisanya biasanya dilakukan secara lesan, yakni disebarkan melalui tutur kata dari mulut ke mulut (atau dengan suatu contoh yang disertai dengan gerak isyarat, dan alat pembantu pengingat) dari satu generasi ke generasi berikutnya.*
2. *Folklor bersifat tradisional, yakni disebarkan dalam bentuk relatif tetap atau dalam bentuk standar. Disebarkan di antara kolektif tertentu dalam waktu yang cukup lama (paling sedikit dua generasi).*
3. *Folklor ada (exist) dalam versi-versi bahkan varian-varian yang berbeda.*
4. *Folklor bersifat anonym, yaitu nama penciptanya sudah tidak diketahui orang lagi.*
5. *Folklor pada hakekatnya berumus dan berpola.*

6. *Folklor mempunyai kegunaan (function) dalam kehidupan bersama suatu kolektif.*
7. *Folklor bersifat prologis, yaitu mempunyai logika sendiri yang tidak sesuai dengan logika umum.*
8. *Folklor menjadi milik bersama (collective) dari kolektif tertentu. Hal ini sudah tentu diakibatkan karena penciptaanya yang pertama sudah tidak diketahui lagi, sehingga setiap anggota kolektif yang bersangkutan merasa memilikinya.*
9. *Folklor pada umumnya bersifat polos dan lugu, sehingga seringkali kelihatanya kasar, terlalu spontan.*

Adhedhasar titikan ing nginggil menika, Pramila Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap arupa *folklor* ingkang kawontenanipun taksih dipunakui masarakat panyengkuyungipun. Tradisi kasebut dipuntedahaken lumantar tahap kaliyan *gaya tangkap* ingkang beda.

Miturut Danandjaja (1991: 2) *folklor* inggih menika perangan *kolektif* kabudayan, ingkang kasebar saha dipunwarisaken *turun-tumurun*, antawis *kolektif* menapa kemawon, sacara tradisional wonten *versi* ingkang beda-beda, saenipun ing *bentuk lesan* ugi tuladha kaliyan *gerak isyarat* utawi piranti kangge biyantu ngemutaken (*mnemonic device*).

Jan Harold Brunvand (lumantar Danandjaja, 1991: 21) *folklor* dipungolongaken dados tigang *kelompok* ageng, inggih menika:

1. *Folklor lesan* (*verbal folklor*), inggih menika *folklor* ingkang wujudipun murni *lesan*. *Bentuk-bentuk folklor* ingkang kalebet saking *kelompok* ageng menika antawisipun (a) basa rakyat (*folk speech*) kados logat, julukan, pangkat tradisional, saha *title bangsawan*; (b) ungkapan tradisional, kados paribasan, bebasan, saha pemeo; (c) pitakenan tradisional, kados teka-teki; (d) geguritan rakyat, kados parikan, gurindam, saha *syair*; (e) cariyos *prosa* rakyat, kados mite, legenda, saha dongeng; saha (f) tembang rakyat.
2. *Folklor* saperangan lesan inggih menika *folklor* ingkang wujudipun campuran *unsur lesan* saha *unsur* boten *lesan*. Kapitadosan rakyat

dening tiyang “*modern*” asring dipunsebat takhayul menika, asalipun saking andharan *lesan* dipuntambah kaliyan gerak isyarat ingkang dipunanggep gadhah makna gaib, kados tandha salib kangge tiyang kristen katolik dipunanggep saged dados jimat saking setan, utawi bendha *material* ingkang dipunanggep gadhah *khasiat* kangge pelindhung badhan utawi saged bekta rejeki, kados sela-sela permata tartamtu. *Bentuk-bentuk folklor* ingkang kagolong *bentuk* ageng menika sanesipun kapitadosan rakyat, inggih menika wonten dolanan rakyat, *teater* rakyat, tari rakyat, adat-istiadat, upacara, *pesta* rakyat, saha sanesipun.

3. *Folklor* boten *lesan* inggih menika ingkang wujudipun boten *lesan*, sanajan cara damelipun dipunajaraken sacara *lesan*. *Kelompok* ageng menika saged dipunbagi dados kalih *sub kelompok*, inggih menika ingkang *material* saha boten *material*. *Bentuk-bentuk folklor* ingkang kagolong *material* antawisipun arsitektur rakyat (*bentuk* griya asli dhaerah, *bentuk* lumbung pantun, saha sanesipun), karajinan ingkang dipundamel piyambak dening rakyat, rasukan, saha perhiasan adat, dhaharan saha unjukan rakyat, saha obat-obatan tradisional. *Bentuk folklor* ingkang boten *material* antawisipun gerak isyarat tradisional (*gesture*), isyarat swanten kangge *komunikasi* rakyat (kentongan tandha mara bahaya ing Jawa utawi swanten gendhang kangge ngirim berita kados tiyang ing Afrika).

Purwadi (2009: 2) ngandharaken bilih *folklor* dipunlestantunaken dening masarakat panyengkuyungipun kanthi sukalila saha kanthi semangat, boten wonten paksaan. Wonten ing maneka warna papan, *folklor* gadhah *fungsi* minangka *bentuk* solidaritas sosial. Kadhang-kadhang lelampahan *folklor* gegayutan kaliyan ritual *musik*. Ancasipun inggih menika supados pikantuk katentraman gesang.

Tradisi Ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil ancasipun kangge ngalap berkah. Para panyengkuyung Tradisi Ziarah ing Gunung Srandil gadhah ancas ingkang dipunkajengaken antawisipun inggih menika kasil ing usahanipun, nambah kasugihan saha nyuwun karaharjaan. Miturut Bascom (Danandjaja, 1991: 19) *fungsi folklor* kangge panyengkuyungipun inggih menika (a) minangka *sistem proyeksi*; (b) minangka piranti kangge ngesahaken

kabudayan; (c) minangka piranti pendidikan; (d) minangka piranti maksa *norma-norma* ingkang sampun dipuntindakaken. Salajengipun Asaha Dundes, nambahaken *fungsi* sanesipun, inggih menika (a) kangge ngandelaken rasa *solidaritas kolektif*; (b) minangka piranti ngleresaken masarakat; (c) maringi pitedah dhateng masarakat supados saged mencela tiyang sanes; (d) minangka piranti kangge *protes keadilan*; (e) piranti kangge ngremenaken saha maringi bebungah utawi *hiburan*.

Fungsi folklor Tradhisi Ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil, inggih menika minangka sarana kangge ngrembakakaken budaya ingkang sampun dados warisan leluhur. Awit saking menika dipunkajengaken supados tetep dipunjagi saha dipunlestantunaken.

2. Pangertosan Tradhisi

Wonten ing *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (1989: 959) tradhisi dipun-artosaken minangka: 1) adat pakulinan *turun-temurun* (saking leluhur) ingkang taksih dipun-lampahi kaliyan masarakat, 2) pambiji utawi *tanggapan* bilih cara-cara ingkang sampun wonten arupi cara ingkang *paling* sae saha leres. Shaw (1972: 381) ngandharaken “*tradition abody of customs, beliefs skills or sayings handed down from generation to generation or age to age*” artosipun kirang langkung kados makaten, tradhisi inggih menika kempalan pakulinan-pakulinan, kapitadosan-kapitadosan, kaprigelan-kaprigelan, utawi pamaturan-pamaturan ingkang dipun pikantuk saking *generasi* dhateng *generasi*. Tradhisi kanthi dhasaripun sampun dangu wonten ing *tengah-tengah* pagesangan masarakat saha

dipun-warisaken saking *generasi* dhateng *generasi* kanthi wujud ingkang sami kangge dadosaken satunggaling pakulinan.

Mac Iver saha Page (ing Soekanto, 1982: 23) ngandharaken bilih pakulinan arupi tindak tanduk ingkang dipun-*akui* saha dipun tampi kaliyan masarakat menika boten *semena-mena* dipun*anggep* minangka cara *berperikelakuan* kemawon, ananging dados *norma-norma pengatur*, mila dipun sebataken pakulinan kala wau minangka *mores* utawi *tata kelakuan*. *Tata kelakuan* kaliyan saperangan masarakat dipun-ginakaken minangka *alat pengawas*, kanthi *sadar* utawi boten *sadar* kaliyan masarakat dhateng *anggotanipun*. Saking *teori-teori* menika, tradhisi arupi *adat* pakulinan utawi kempalan pakulinan-pakulinan, kapitadosan-kapitadosan, kaprigelan-kaprigelan utawi pacelathon ingkang dipun-*warisaken* kanthi turun-tumurun. Pakulinan arupi tindak tanduk ingkang dipun-*akui* saha dipuntampi kaliyan masarakat ingkang boten kemawon dipun*anggep* minangka cara *berperilaku* ananging inggih kangge *norma pengatur* utawi dipun sebat minangka *tata kelakuan* utawi *mores*.

3. Tradhisi Ziarah

Ziarah saking basa Arab, Ziyarah. Ruslan saha Arifin ngandharaken bilih ziarah kanthi etimologis tegesipun *kunjungan*, kunjungan kangge tiyang ingkang taksih gesang utawi kangge tiyang ingkang sampun pejah. Ananging, wonten ing pamanggih masarakat panyebatanziarah menika langkung kathah dipuntrepaken kangge kegiatan *kunjungan* dhateng tiyang ingkang sampun pejah, inggih menika kanthi cara sowan wonten makam. Kegiatanipun lajeng dipun tepang kanthi nami ziarah kubur. Ananging wonten ing kegiatan menika mboten nutup

kemungkinan berlaku ugi ingkang sowan dhateng *benda-benda* utawi *paninggalan* ingkang dipun anggep makili tiyang menika.

Kangge masarakat Jawa, makam minangka papan ingkang suci saha keramat, ingkang kedah dipun *hormati*, mliginipun makam *tokoh-tokoh* ingkang dipun anggep gadhah jasa kangge masarakat menika. Wontenipun makam saking *tokoh* tertamtu saged paring *daya tarik* dhateng masarakat kangge nglampahi kegiatan ziarah kanthi kathah *motivasi*, mila kangge masarakat Jawa sowan wonten makam utawi ziarah sampun dados *kebiasaan* saha kabutuhan kangge ndongakaken ingkang dipun ziarahi saha supados saged mundhut piwulang saking peziarahipun utawi piwulang saking tiyang utawi tokoh ingkang sampun nilar.

Miturut tiyang Jawa, ziarah kubur arupi salah satunggal saking kekathah tradisi ingkang wonten ing Jawa saha ngrembaka ing masarakat Jawa. Kathah maksud saha ancas utawi motivasi asring *menyertai* aktivitas ziarah kubur. Ziarah kubur ingkang dipun lampahi dening masarakat Jawa wonten kuburan sajatosipun angsal pengaruh saking Jawa-Hindu. Ziarah kubur sajatosipun inggih menika tradisi agama Hindu ingkang rikala jaman rumiyin kanthi muja dhateng roh leluhur. Candi kanthi mulanipun inggih menika papan abu jenazah Raja-raja jaman rumiyin lajeng para generasi salajengipun ngawontenaken pemujaan ing papan menika. Rikala jaman semanten, kedudukan raja taksih dipun anggep minangka titising dewa lajeng sedayanipun ingkang gegayutan kaliyan raja taksih dipun anggep keramat, mliginipun makam. Kapitadosan masarakat Jawa-Hindu taksih dipun beta dumugi jaman samenika. Kathah tiyang nganggep bilih kanthi ziarah ing makam leluhur utawi tokoh magis tertamtu saged paring pengaruh

tertamtu. Cariyos keunggulan utawi keistimewaan tokoh ingkang dipun makamaken arupi daya tarik dening masarakat kangge mujudaken pangajengipun. Tuladhanipun ziarah ing makam tokoh ingkang pangkatipun utawi jabatanipun dhuwur, mila ugi badhe pikantuk berkah arupi pangkat ingkang dhuwur. Kangge masarakat Jawa, ziarah kanthi umum dipun lampahi ing pertengahan dumugi akhir sasi ruwah nalika badhe sasi Ramadhan. Ing wekdal samenika, masarakat kanthi sesarengan setunggal dusun utawi setunggal desa, utawi piyambak-piyambak nglampahi ziarah. Ziarah menika limprahipun dipun sebat nyadran. Kanthi ngrembakanipun jaman, ngrembaka ugi pangertosan tiyang gesang babagan ziarah, bahkan muncul kathah maksud, ancas, motivasi saha daya tarik saking aktivitas ziarah menika.

4. *Simbol*

Tembung simbol asalipun saking basa Yunani “*symbolos*” ingkang ateges tandha utawi titikan ingkang saged ngandharaken bab dhateng satunggaling tiyang. Manungsa ing pagesanganipun tamtu kemawon sambet kaliyan simbol-simbol ingkang gayut kaliyan gesang padintenanipun. Wonten ing sistem kabudayaan Jawi kathah sanget dipunginakaken simbol-simbol kangge sarana ngandharaken pesan-pesan utawi nasehat-nasehat kagem putra wayahipun. Bab menika nedahaken bilih simbol wonten ing masarakat Jawi ngandharaken bab wejangan-wejangan ingkang gayut kaliyan gesang manungsa ing alam donya.

Turner (ing Endraswara, 1996: 172) ngandharaken bilih *the symbol is the smallest unit of ritual wich still retains the spesific properties of ritual behaviour. It is the ultimate unit of spesific structure in a ritual context.* Ingkang tegesipun

simbol inggih menika *unit* utawi perangan ingkang paling alit wonten ing *ritual* ingkang ngandhut *makna* saking unggah-ungguh ingkang asipat *khusus*.

Adhedhasar pamanggih menika, saged dipun-mangertosi bilih *simbol* saged arupi perangan paling alit saking ritual utawi kagiyatan *khusus*. Ing tradhisi ziarah saged arupi perangan-perangan paling alit, saged ugi arupi sajen, arupi jejangkeping upacara. Perangan menika gadhah makna utawi weling ingkang sadayanipun asipat khusus.

Leslie A White (lumantar Soepanto, 1999: 1-2) ngandharaken bilih sedaya unggah-ungguhing manungsa adhedhasar pangginaan *lambang-lambang*. *Lambang* kangge manungsa pendukungipun ingkang boten namung ngandhut *makna* ingkang dipun-tedahaken. *Makna* saged dipun-bedakaken antawis *lambang referensial* saha *lambang kondensasi*. *Lambang referensial* inggih menika warni-warni wujud basa *lisan*, seratan, *bendera kebangsaan*, *isyarat bendera* saha warni-warni *perangkat lambang-lambang* ingkang dipundamel kanthi *prinsip ekonomi* minangka pitedah. *Lambang kondensasi* inggih menika wujud *tindakan* penggantos ingkang dipun-padataken sanget kangge ngandharaken kanthi langsung ingkang mungkinaken *pelepasan ketegangan emosi* ing *keadaan sadar* utawi boten *sadar*.

Saben upacara limrahipun ngginakaken *simbol* utawi *lambang* ingkang arupi *satuan-satuan*. Limrahipun upacara-upacara menika arupi rerentengan *satunggaling perangkat lambang-lambang* ingkang saged arupi *benda-benda* utawi *materi*, kagiyatan *fisik* saha perangan-perangan utawi *situasi* tertamtu ing

kasadayan upacara (Soepanto, 1992: 5-6). Herusatoto (2001: 10,88) ngandharaken bilih pamanggih ingkang *simbolis* arupi *ciri khas* manungsa ingkang kanthi katingal bedakaken saking kewan. Wujud simbolisme ing budaya Jawa *dominan* sanget, perangan menika arupi *realisasi* saking paningalan-paningalan saha tumindhak gesangipun tiyang Jawa.

Wujud simbolis menika dipun-kelompokaken ing tigang werni, inggih menika tumindhak simbolis ing religi, tradhisi saha kesenian. *Simbolisme* religi saged dipun-tingali dhateng sedaya wujud upacara religi, kisah saking *riwayat* para Nabi sarta ingkang dipun-warisaken kanthi *turun temurun* saha *simbolisme* ing seni katingal ing warni-warnipun kesenian.

Simbol arupi weling saking para leluhur kangge *generasi* salajengipun ingkang dipun-sampekaken kanthi *turun temurun*. Kabentukipun simbol-simbol ing upacara tradhisional menika adhedhasar nilai-nilai etika saha paningalan pagesangan ingkang tumrap ing pagesangan masarakat. Lumantar simbol-simbol mila weling-weling *ajaran* agami, *nilai-nilai estetika* saha *norma-norma* ingkang tumrap ing masarakat saged dipun-sampekaken dhateng sedaya warga masarakat (Soepanto, dkk 1992: 7). wonten ing simbol menika ngemot pitedah-pitedah leluhur ingkang kedah saha wajib dipunlampahi dening anak putu keturunanipun, sarta wonten ing simbol menika ngemot *misi-misi* luhur kangge nglestantunaken nilai budaya. Manungsa wonten ing pagesangan menika kathah ngginakaken simbol-simbol kangge makili pamanggihipun. Dados manungsa menika saged kaandharaken minangka *makhluk bersimbol* (Tashadi, 1992: 90).

Adhedhasar pamanggih-pamanggih menika saged dipun-mangertosi bilih *simbolis* arupi *ciri khas* manungsa ingkang mbedakaken kaliyan kewan. Masarakat Jawa dominan sanget kaliyan wujud *simbolis* inggih menika *simbolis* ing *religi* kados *kisah* saha *riwayat* para Nabi. Simbol ing tradhisi wonten ing upacara *adat* ingkang dipun-warisaken kanthi *turun temurun* saha *simbol* ing seni katingal ing warni-warni kesenian. *Simbol-simbol* arupi weling saking para *leluhur* kangge *generasi* salajengipun ingkang dipun-andharaken kanthi *turun-temurun*. Weling menika wosipun *ajaran* agami, *nilai-nilai etis* saha *norma-norma* ingkang tumrap ing masarakat. Simbol ugi nyimpen pitedah *leluhur* ingkang kedah saha wajib dipun-lampahi kaliyan putra saha putu keturunanipun.

Koentjaraningrat (1994: 367) ngandharaken bilih konsistensi *makna* saking *benda-benda* menika adhedhasar nama, rupa, warni utawi pangginanipun. Endraswara (1996 : 94) ngandharaken bilih ing budaya Jawa, *interpretasi* utawi *simbol* adhedhasar asipat basa inggih menika asipat *arbitrer* saha adhedhasar *makna tersirat* saking *simbol* menika. *Makna-makna tersirat* saking *simbol* menika antawisipun: wontenipun *konsep terminology* othak-athik mathuk inggih menika mundhut pakulinan padintenan tiyang Jawa salajengipun dipun-sederhanakaken *maknanipun* ing wujud *simbol*, saha wontenipun *nilai-nilai historis* (*kisah-kisah* saha *cariyos-cariyos fiksi* ingkang *melekat* ing atinipun masarakat). Pitakenan-pitakenan ing nginggil ngandharaken bilih *makna benda* adhedhasar nama, rupa warni, utawi pangginanipun masarakat Jawa ing mundhut pakulinan padintenan tiyang Jawa salajengipun dipun-sederhakaken *maknanipun* ing wujud *simbol* saha wonten *nilai historis*.

Cara pamaknaan ing panaliten menika ngginakaken *teori* Charles Sanders Pierce (ing Teeuw,1984: 152) inggih menika tradhisi ingkang *meliputi ikon, indeks saha simbol. Ikon* inggih menika *tanda* ingkang gegayutan kaliyan *tanda acuanipun* asipat sesarengan kaliyan wujud alamiahipun, saged arupi gayutan kesarengan. *Indeks* inggih menika *tanda* ingkang nedahaken wontenipun gayutan *ilmiah* antawis *tanda acuanipun* ingkang asipat *kausal* utawis *sebab-akibat* amargi *kedekatan eksistensi* gayutan antawis *tanda saha obyek* asipat *konkret aktual. Simbol* inggih menika *tanda* ingkang boten nedahaken gayutan *alamiah* antawis kaliyan pratanda ingkang asipat *arbitrer*.

B. Panaliten ingkang laras

Panaliten punika ngemot babagan tradhisi ritual ingkang wonten ing masarakat, wonten asiling panaliten ingkang jumbuh, inggih punika :

1. Tradhisi Ziarah Makam Pangeran Samudro di Gunung Kemukus Desa Pendem Kecamatan Sumberlawang Kabupaten Sragen

Panaliten ingkang laras kaliyan panaliten Tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap menika panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Ayu Chandra Dewi ing salebetipun panyeratan *Tugas Akhir Skripsi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta*, taun 2010 kanthi irah-irahan “*Tradhisi Ziarah Makam Pangeran Samudro di Gunung Kemukus Desa Pendem Kecamatan Sumberlawang Kabupaten Sragen*”. Panaliten kasebat nggadhahi ancas kangge ngandharaken

asal-usul wontenipun tradhisi ziarah, prosesi tradhisi ziarah, ubarampe ziarah saha paedahipun ziarah ing makam Pangeran Samudro, wonten ing panaliten menika anggenipun ngempalaken data kanthi *snow-ball*, *pengamatan berperan serta* saha *wawancara mendalam*, wondene asiling panaliten inggih menika :

1. Asal-usul tradhisi ziarah wonten makam Pangeran Samudro ingkang saged dipunkempalaken, inggih menika amargi Pangeran Samudro minangka keturunan raja mila kathah ingkang sami ziarah kangge ngalap berkah.
2. Prosesi tradhisi ziarah dipunwiwiti kanthi ngujubaken ubarampe dhateng juru kuncinipun ingkang wonten ing makam. Ubarampe ingkang sampun dipundongani menika dipunbeta mlebet ing salebetipun makam. Ing makam Pangeran Samudro menika, peziarah saged naburaken sekar saha donga kanthi agama saha kapitadosanipun piyambak-piyambak.
3. Sesaji utawi ubarampe ingkang dipunginakaken ing tradhisi ziarah inggih menika sekar telon, kemenyan saha toya sendang ontrowulan. Paedah ziarah makam Pangeran Samudro gadhah paedah kangge masarakat panyengkuyung, inggih menika paedah spiritual, paedah sosial, saha paedah ekonomi.

Panaliten babagan “Tradhisi ziarah makam Pangeran Samudro ing Gunung Kemukus desa Pendem Kecamatan Semberlawang Kabupaten Sragen” menika nggadahi relevansi kaliyan panaliti “Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-Petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.” Relevansinipun inggih menika sami-sami neliti babagan tradhisi ziarah nanging beda *setting* saha wekdal panalitenipun.

2. Ritual Malem Minggu Wage Paguyuban Sabdo Jati Di Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap

Panaliten punika dipun tindakaken dening sedherek Sixteen Muzakki nalika taun 2012. Panaliten panjenenganipun gadhah papan ingkang sami kaliyan panaliten punika, inggih punika sami-sami wonten ing petilasan Gunung Srandil. Panalitenipun Sixteen Muzakki ngrembag ritual malem minggu wage ingkang dipun lampahi dening Paguyuban Sabdo Jati.

Panaliten punika ngandharaken babagan lampahing ritual malam minggu wage ingkang dipuntindakaken para anggotanipun inggih menika Paguyuban Sabdo Jati wonten ing petilasanipun Kaki Semar Tunggul Sabdo Jati. Dipunsebutaken bilih ritual Malem Minggu Wage dipun tujukaken supados pikantuk keslametan, maosaken rasa syukur dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos saha kangge media ngandharaken raos hormat dening leluhur. Anggota paguyuban Sabdo Jati ngawontenaken ritual Malem Minggu Wage kangge njagi *hubunganipun* kaliyan para leluhur supados dipun paringi *perlindungan* saha mboten ngganggu pagesangan manungsa.

Upacara ritual punika punika dipunwontenaken saben malem Minggu Wage. Reroncening lampahipun ritual Malem Minggu Wage dipun perang ngantos dumugi acara ritual. Cecawisanipun inggih nyawisaken papan, nyawisaken, pembentukan panitia. Salajengipun, acara ritual punika isinipun dedonga ingkang dipunpimpin dening petugas pamaos donga, lajeng paring wejangan-werjangan dening sesepuh paguyuban. Lajeng ingkang pungkasan inggih menika pemberkahan ingkang dipun pimpin dening sesepuh paguyuban.

Para anggota ingkang nindakaken ritual Malem Minggu Wage sedayaipun gadhah ancas ingkang sami, inggih punika kangge ngalap keslametan supados pikantuk tentreming batos saking Gusti Inkang Maha Kuwaos, semanten ugi ancasipun ngawontenaken ritual wonten panaliten punika.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif*. Miturut Moleong (2002 : 3) panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang ngasilaken data *deskriptif* ingkang awujud tembung-tembung sinerat utawi lesan saking tiyang-tiyang ingkang dipuntliti. Pamanggih ingkang sami dipunadharaken dening Kirk dan Miller lumantar Moleong (2002 : 3) bilih panaliten *kualitatif* inggih menika *tradisi tertentu dalam ilmu pengetahuan sosial yang secara fundamental bergantung pada pengamatan pada manusia dalam kawasannya sendiri dan berhubungan dengan orang-orang tersebut dalam bahasanya dan dalam peristilahannya*.

Panaliten ingkang asipat *kualitatif* ingkang dipunuji sanes teori ingkang dipunrumusaken, ananging ngawontenaken panaliten saha *observasi* kanthi langsung wonten ing lapangan kangge madosi data *deskriptif*. Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken *sikap*, pocapan, sarta tumindakipun para tiyang ingkang nindakaken tradhisi Ziarah. Wonten ing panaliten *kualitatif*, caranipun pados *informasi* saking *informan* inggih menika kanthi cara *wawancara mendalam*, saengga paneliti kedah ndherek langsung wonten ing lapangan kangge pados data ingkang saged mangsuli prekawis ingkang wonten ing panaliten menika.

B. *Setting* Panaliten

Panaliten menika dilampahi kanthi milih *setting* tradhisi ziarah wonten ing Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap ing dinten Kemis Wage tanggal 4 Juli 2013 tabuh 18.00 WIB. Ingkang dados pelaku tradhisi ziarah inggih menika para peziarah ingkang sowan wonten Gunung Srandil.

Rerentengan lelampahan tradhisi ziarah inggih menika saderengipun mlebet ing makam peziarah menika sowan rumiyin dhateng juru kunci, lajeng nyawisaken sesaji utawi ubarampe. Salajengipun *peziarah* mlebet ing kompleks petilasan wonten ing Gunung Srandil, *peziarah* lajeng nglampahi prosesi ziarah ing petilasan-petilasan wonteng ing kompleks Gunung Srandil.

C. Sumber Data

Sumber data wonten ing panaliten menika inggih menika saking wetahing *setting* panaliten. *Setting* menika arupi paraga, papan, wekdal, saha titi laksana tradhisi ziarah. Sumber data kasebat saking para *informan*, ateges tiyang-tiyang ingkang nggadhahi pangertosan babagan tradhisi Ziarah ingkang dipunadani ing desa Glempang Pasir, kecamatan Adipala, kabupaten Cilacap.

Tiyang ingkang saged suka *informasi* wonten ing panaliten dipunwastani *informan*. Moleong (2002 : 90) ngandharaken bilih *informan* inggih menika tiyang ingkang saged suka *informasi* ngengingi kahanan papan panaliten. *Informan* kedah gadhah pengalaman latar panaliten. Nemtokaken *informan* menika amrih sekeca anggenipun ngempalaken *data*. Miturut pamanggihipun Guba lumantar Moleong (2002 : 90) ginanipun *informan* kangge paneliti inggih

menika supados langkung cepet pikantuk *informasi* wonten ing wekdal ingkang winates.

Caranipun manggihaken *informan* inggih menika kanthi teknik “*purposive*” inggih menika paneliti nemtokaken piyambak tiyang-tiyang ingkang saged paring data-data (Moleong, 2002 : 165). Tiyang-tiyang kasebat inggih menika sesepuh, juru kunci, saha warga masarakat desa Glempang Pasir ingkang mangertos kanthi saestu tradhisi ziarah ing Gunung Srandil. Supados pikantuk data ingkang *akurat*, menika saged dipunpanggihaken kanthi migunakaken informan kunci. Informan kunci wonten ing panaliten menika inggih menika juru kunci keturunan asli saking juru kunci pertama ing Gunung Srandil. Wondene informan sanesipun inggih menika sesepuh, juru kunci, lan masarakat desa Glempang Pasir ingkang mangertos babagan ziarah ing Gunung Srandil.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data ingkang dipun-ginakaken ing panaliten Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-Petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap inggih menika *observasi berpartisipasi* kaliyan *wawancara secara mendalam*.

1. Pengamatan Berperan Serta

Pengamatan berperan serta dipun-lampahi kanthi ancasipun langsung tumuju *objek* ingkang dipun tliti. Moleong (2002 : 117) ngandharaken bilih *pengamatan berperan serta* kanthi dhasaripun tegesipun ngawontenaken paningalan saha mirengaken kanthi saestu dumugi perangan ingkang paling alit. Cara menika dipun-ginakaken kangge pikantuk *data primer* ingkang langsung dipun pundhut saking papan ingkang ngawontenaken tradhisi ziarah.

Kegiatan ingkang dipun-lampahi panaliti ing ngawontenaken panaliten kanthi cara *berperan serta*, inggih menika menawi wonten masarakat ingkang ngawontenaken tradhisi ziarah, panaliti tumut paring pambiyantu ing *proses persiapan saha ing pelaksanaanipun*, kadosta ing wekdal *berlangsungipun upacara tradhisi*, ing *forum* menika sarta paring pambiyantu ing *persiapan-persiapanipun*.

2. Wawancara Secara Mendalam

Paneliti ngawontenaken *wawancara* ngginakaken pitakenan-pitakenan ingkang dipundamel adhedhasar observasi ingkang dipuntindakaken. *Wawancara* punika dipuntindakaken kanthi tinarbuka, inggih punika *wawancara* ingkang para *informanipun* ngertos bilih saweg dipunwontenaken *wawancara* lan ngertos ancasiipun *wawancara* punika. *Wawancara* ugi dipuntindakaken saderengipun lan sasampunipun ritual slametan. Paneliti ngawontenaken *wawancara* dhumateng kuncenipun kangge *informan* kunci babagan wontenipun tradhisi ziarah, ugi dipuntujukaken wonten asiling *wawancara* dados data kangge dipun*analisis* langkung cetha. Salajengipun, ngawontenaken *wawancara* kaliyan sesepuh desa ngengingi kados pundi panyarwe lan kados pundi wontenipun tradhisi ziarah ingkang dipuntindakaken wonten ing petilasan Gunung Srandil punika supados ngasilaken data ingkang langkung *valid*.

E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten menika sarana kangge pikantuk *data*. Panaliten menika piranti utaminipun inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*) kanthi

ngginakaken alat pambiyantu *tape recorder, camera digital*, lan seratan lapangan. *Tape recorder* dipun-ginakaken kangge ngrekam wontenipun tuturan ing prosesi tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap. *Camera digital* minangka piranti kangge mendhet gambar lampahipun prosesi tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.

Seratan lapangan dipun ginakaken kangge nyerat data menika kanthi wujud tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap. Panaliti nderek lampahipun upacara kanthi langsung ing tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap. Sasanesipun, panaliti saged interaksi langsung kaliyan pelaku upacara sarta informan ingkang saged paring informasi kanthi cetha. Panaliti inggih nglarasaken dhateng kahanan lan situasi.

F. Caranipun Nganalisis Data

Analisis data ing panaliten menika dipunlampahi kanthi *induktif*, inggih menika ngandharaken *informasi* ingkang mlebet lumantar *proses unitisasi* saha *kategorisasi*. *Unitisasi* tegesipun data ingkang *mentah* dipun-*transformasikaken* kanthi *stematis* dados *unit-unit*. *Data analisis* kanthi *kategorisasi* saha *perbandingan* kanthi *berkelanjutan*. *Kategorisasi* tegesipun cara ndamel utawi *memilah-milah sejumlah unit* supados langkung cetha.

Analisis induktif dipun-ginakaken kangge mbiji saha nganalisis *data* ingkang sampun dipun-*fokusaken* dhateng panaliten Tradhisi Ziarah Ing Petilasan-Petilasan Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap. Sasampunipun *unit* kempal, salajengipun dipun pilah saha dipun-lebetaken ing tigang *kategori data*, inggih menika: (1) *kategori asal-usul* tradhisi ziarah, (2) *kategorisasi* lelampahan tradhisi ziarah saha (3) paedah tradhisi ziarah.

Data ingkang sampun kempal, salajengipun dipun-analisis *data* ingkang kanthi *spesifik* saking *lapangan* dados *unit-unit* dipun-lajengaken kanthi *kategorisasi* (Muhadjir,2000 : 145). *Analisis induksi* dipun-ginakaken kangge mbiji saha nganalisis *data* ingkang sampun dipun-*fokusaken* bab *makna kearifan lokal* ing tradhisi ziarah. Lumampahing ingkang dilampahi ing panaliten menika inggih menika kados mekatan.

1. *Inventarisasi/pangempalan data* ingkang dipun-pikantuk lumantar *observasi berpartisipasi* saha *wawancara mendalam*. Diunder saking saperangan data ingkang dipun pundhut ingkang jumbuh kaliyan *topik* panaliten.
2. *Klasifikasi* inggih menika *pangelompokan data* saking *data* asiling *wawancara* ingkang dilampahi dipun pikantuk wangsulan *umum* inggih menika wonten ingkang manguwaosi saha wonten ingkang boten manguwaosi topik panaliten.
3. *Inferensi* utawi damel dudutan pungkasaning asilipun saking *interpretasi* ingkang sampun dilampahi.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data inggih menika ngginakaken cara *triangulasi*. *Triangulasi* arupi pangempalan data *ganda*, ingkang langkung saking satunggal *sumber* ingkang nedahaken *informasi* ingkang sami (Endraswara 2006 : 219). *Triangulasi* ingkang dipun-ginakaken ing panaliten menika inggih menika *triangulasi metode saha triangulasi sumber*".

Patton (1987 : 329), ngandharaken bilih ing *triangulasi metode* wonten kalih *strategi*, inggih menika: (1) *pangecekan derajat* kapitadosan pamanggihane asiling panaliten *beberapa* cara pangempalan *data*, saha (2) *pangecekan derajat* kapitadosan *beberapa* sumber *data* kaliyan cara ingkang sami. Caranipun pangempalan *data* ingkang *ganda* antawisipun arupi paningalan, pirembaran saha *analisis dokumen*. Kangge pikantuk data, kanthi paningalan saha pirembaran kaliyan para *informan* jumbuh kaliyan wosing panaliten.

Salajengipun, *triangulasi sumber* ateges tetandhingan saha *ngecek* malih *derajat* kapitadosan satunggaling *informasi* ingkang dipun-pikantuk lumantar wekdal saha *alat* ingkang beda. Perangan menika dipun pikantuk kanthi cara: (1) nandhingaken *data* asiling paningalan kaliyan *data* asiling pirembaran, (2) nandhingaken menapa ingkang dipun-aturi tiyang ing ngajeng kaliyan menapa ingkang dipunaturi kanthi *pribadi*, (3) nandhingaken menapa ingkang dipun-aturi kaliyan tiyang-tiyang babagan *situasi* panaliten kaliyan menapa ingkang dipun-aturi saben wekdal, (4) nandhingaken kawontenan saha *perspektif* tiyang kanthi

paring pamanggih saha *pandangan* tiyang, (5) nandhingaken asiling pirembaran kaliyan wosing *dokumen* ingkang gegayutan.

Kanthi cara ngginakaken *triangulasi metode* saha *triangulasi sumber*, dipun-pitadosi saged ngindhakaken kakirangan pangujian *absahipun data* panaliten tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. *Deskripsi Setting* Tradhisi Ziarah ing Petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap

1. Andharaning Papan saha Wekdal Panaliten

Tradhisi ziarah katindakaken wonten ing Gunung Srandil ing desa Glempang Pasir, kecamatan Adipala, kabupaten Cilacap. Desa Glempang Pasir kalebet salah satunggaling desa ing kecamatan Adipala. Desa Glempang Pasir menika desa ingkang mapan wonten ing kabupaten Cilacap sisih wetan. Tebihipun kabupaten Cilacap dumugi kecamatan Adipala \pm 25 km. Saking kecamatan Adipala dumugi desa Glempang Pasir kirang langkung gangsal kilometer. Kangge tumuju ing desa Glempang Pasir saking kecamatan Adipala saged ngginakaken ojek utawi angkutan pedesaan utawi kendharaanipun piyambak kados ta mobil utawi kendharaan sanesipun.

Miturut cathetan administratif Desa Glempang Pasir dipunwatesi dening tlatah sanesipun kados ing ngandhap menika.

Sebelah ler : Desa Pedasong kaliyan Desa Jati Kecamatan Binangun

Sebelah wetan : Desa Welahan wetan


Sebelah kidul : Samudra Hindia

Sebelah kilen : Desa Karang Benda

Wiyar wilayah Desa Glempang Pasir menika dumugi 706.055 hektar. Desa Glempang Pasir dipun perangdados 4(sekawan) Dusun, 8 RW, 41 RT. Ing ngandhap menika gambar peta kecamatan Adipala saha peta desa Glempang Pasir.




Gambar 01. Peta Kecamatan Adipala




Gambar 02. Peta Desa Glempang Pasir

Panggenan ritual tradhisi ziarah menika wonten sisih kidul margi utami Desa Glempang Pasir. Desa Glempang Pasir menika kalebet desa ingkang kangge jalur lintas selatan ingkang nggayutaken antawis Kabupaten Cilacap kaliyan Kabupaten Kebumen. Ing ngandhap menika gambar denah papan panaliten tradhisi ziarah ing desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap.



Gambar 03. Denah lokasi

DENAH PETILASAN GUNUNG SRANDIL



Gambar 04. denah petilasan Gunung Srandil

Katrangan :

1. Vihara
2. Petilasanipun Mbah Gusti Agung
3. Petilasanipun Eyang Suksma Sejati
4. Petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari
5. Petilasanipun kaki Sabdo Jati Daya Amongraga
6. Petilasanipun Juragan Dampu Awang
7. Sumur
8. Petilasanipun Eyang Langlang Buwana

9. Papan kangge nyimpen benda pusaka
10. Musolla
11. Gerbang tumuju petilasan Eyang Suksma Sejati
12. Undhak-undhakan tumuju petilasan EyangLanglang Buwana
13. Margi kangge muter
14. Sekretariat
15. Gerbang tumuju kompleks petilasan
16. Pager keliling
17. Parkiran sepedha motor
18. Wande
19. Wande
20. Wande
21. Wande
22. WC umum
23. Pos jaga
24. Wande
25. Wande
26. Wande
27. Wande
28. Wande
29. Parkiran mobil
30. Margi utama

Deskripsi denah papan petilasan Gunung Srandil dipunperang dados :

1. Vihara ingkang dipunangge ngibadah dening tiyang agami Budha
2. Petilasanipun Mbah Gusti Agung ingkang awujud persegi wonten halamanipun dipunangge sare utawi istirahat dening para peziarah.
3. Petilasanipun Eyang Suksma Sejati papanipun wonten njawi pager keliling kompleks petilasan Gunung Srandil.
4. Petilasanipun Kaki Tunggul Sabdo Jati Daya Amongraga ingkang awujud pendopo dipunangge istirahat saha ngaos dening peziarah.

5. Petilasanipun Eyang Langlang Buwana ingkang papanipun wonten nginggil, menawi badhe tumuju wonten petilasanipun Eyang Langlang Buwana kedah lewat tangga.
6. Musolla dipunangge para peziarah ingkang agaminipun Islam, ananging serambinipun ugi dipun angge istirahat dening peziarah.
7. Sumur dipunangge nyucikaken peziarah sesampunipun ngubengi Gunung Srandil kanthi cacah ganjil
8. Margi ingkang kangge muter menika wujudipun *paving blok*
9. Wande-wande ingkang wonten njawi komplek petilasan Gunung Srandil mbiyantu sanget dhumateng peziarah ingkang badhe pados daharan utawi unjukan ugi pados ubarampe.
10. Sekretariat dipunangge para peziarah ingkang mbetahaken *informasi* babagan petilasan ing Gunung Srandil

Tradhisi ziarah katindakaken wonten ing Gunung Srandil ing desa Glempang Pasir, kecamatan Adipala, kabupaten Cilacap. Tradhisi Ziarah kalaksanan ing saben malem Selasa Kliwon saha malem Jum'at Kliwon. Tradhisi ziarah ing Gunung Srandil ing desa Glempang Pasir katindakaken dening masarakat panyengkuyungipun.

2. Paraga Tradhisi Ziarah ing Gunung Srandil

Tradhisi ziarah ing Gunung Srandil desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap dipunsengkuyung dening para paraga tradhisi ziarah. Para paraga wonten ing tradhisi ziarah inggih menika peziarah saha juru kunci. Juru kunci Gunung Srandil menika wonten 14 tiyang inggih menika Bapak Surydi, Martosaino, Praptogino, Topomiharjo, Sutanto, Hadi Suwanto Agus, Hadi Suwito Carub, Bambang Sujadi, Wiryareja Tarsim, Wiryo Atmaja Warno,

Tugiyono, Marto Miharjoramun, Wiryantani Rasyid, Hadisukanto Titor. Saking sedaya juru kunci, sedayanipun minangka warga pribumi utawi tiyang asli daerah mriku. Wonten wekdal kapungkur juru kunci Gunung Srandil punika dipunpilih dening desa, ananging wonten kalih juru kunci Gunung Srandil wonten ingkang sampun turun-tumurun wiwit saking mbah buyutipun dados juru kunci. Panjenenganipun inggih punika Bapak Suryadi saha Bapak Topomiharjo, Bapak Suryadi ugi dados ketua juru kunci Gunung Srandil. Andharan menika dipun sengkuyung dening salah satunggaling *informan* :

“Nggeh kula asli mriki, warga pribumi. Juru kunci teng mriki ingkang asli keturunan juru kunci saking juru kunci pertama wonten kalih, kula kalih pak Topomiharjo”. (CLW01)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih wonten juru kunci ingkang sampun turun-tumurun saking mbah buyutipun rikala jaman semanten, lajeng ingkang sanesipun saking keturunan anggenipun dados juru kunci menika dipun pilih saking desa. Kangge mangertosi kawontenaning para paraga tradhisi ziarah kaandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Peziarah

Peziarah ingkang sami ngawontenaken ziarah wonten ing kompleks petilasan Gunung Srandil menika asalipun saking pundi kemawon, mboten namung tiyang mriku kemawon ananging tiyang saking tebih kathahipun.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelan salah satunggaling *informan* :

“Banyak, bukan hanya dari Indonesia saja, orang Cina pun ada, Malaysia, Thailand, saya pernah terima tamu dari Belanda”. (CLW01)

“Kathah, mboten namung saking Indonesia kemawon, tiyang Cina nggih wonten, Malaysia, Thailand, kula nate pikantuk tamu saking Belanda”. (CLW01)

Saking andharan kasebat saged kapendhet dudutanipun bilih peziarah ingkang sam ziarah wonten Gunung Srandil menika saking *berbagai* daerah, lajeng mboten namung saking dalam negri kemawon nanging ingkang saking luar negri ugi wonten.

b. Padamelan

Tingkat makmuripun salah satunggaling masarakat saged dipunmangertosi saking cekapipun sandhang, pangan, saha papan. Gegayutan kaliyan pendapatan masarakat ingkang tamtunipun nggantugaken kaliyan padamelan utawi mata pencaharianipun ingkang benten-benten. Padamelan menika minangka salah satunggaling lelampahaning manungsa kangge manfangataken potensi lingkunganipun, inggih menika lingkungan alam (geografis) menapa dene lingkungan sosial. Kegiatan kasebat dipunlampahi dening masarakat supados saged gesang wonten ing donya. Peziarah ingkang sami ziarah wonten ing Gunung Srandil menika nggadahi pedamelan ingkang maneka warni jinisipun. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan ing ngandhap menika :

“ya tidak mesti, ada yang wiraswasta, pedagang, ada yang pegawai juga, ada yang dari aparat pemerintah, pribadinya tapi bukan dari dinasya”. (CLW03)

“nggeh mboten mesti, wonten ingkang wiraswasta, dagang, wonten ugi ingkang saking aparat pemerintah, ananging ingkang pribadinipun sanes saking dinas”. (CLW03)

c. Sistem Religi

Wonten ngandhap punika saged dipuntingali babagan agami ingkang dipunanut desa Glempang Pasir ing ngandhap punika :

| No. | Agami | Cacahipun |
|------------------|-----------|-----------|
| 1 | Islam | 7665 |
| 2 | Protestan | 15 |
| 3 | Budha | 190 |
| 4 | Hindhu | 1 |
| Cacahipun sedaya | | 7871 |

Tabel 01. Sumber : Monografi Dinamis Desa taun 2012

Dipuntingali saking monografi desa taun 2012 bilih *mayoritas* penduduk desa Glempang Pasir inggih punika agaminipun Islam. Kanthi gadhah papan kangge ngibadah arupi Masjid saha Mushola. Lajeng ingkang nomer kalih ingkang menika agaminipun Budha kanthi gadhah papan kangge ngibadah arupi Vihara. Menika nedahaken bilih penduduk desa Glempang Pasir saged guyub rukun senajan beda-beda agaminipun. Sanadyan mekaten, tradhisi-tradhisi Kejawen taksih dipunwontenaken. Wontenipun kapitadosan desa Glempang Pasir ingkang thukul taksih dipunugemi dados tradhisi ingkang wiwit jaman kepungkur sampun wonten. Guyub rukunipun masarakat Glempang Pasir taksih tetep dipunugemi kanthi sae.

Tradhisi ziarah wonten ing petilasan Gunung Srandil punika tradhisi ingkang wiwit jaman kapungkur ingkang ngantos wanci punika taksih

dipunwontenaken saha dipunlestantunaken, sanajan tradhisi punika sampun ngalami cecampuring budhaya. Amargi wontenipun pangrembakan saking saben jaman. Sedaya warga desa Glempang Pasir ngugemi sanget *nilai saha norma* agama. Sanesipun, ugi taksih nglestantunaken tradhisi para leluhur saha taksih pitados kekiyatan ghaib wonten ing petilasan Gunung Srandil. Kapitadosan dhumateng tradhisi leluhur ingkang wiwit jaman kapungkur taksih dipunugemi sanget. Babagan mekaten wonten amargi wonten pamanggih bilih kangge ngalap raos slamet saha ngaturaken raos sukur dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos ingkang sampun paring kathah kanikmatan. Dados masarakat ingkang ngugemi kapitadosan, panjenenganipun nyebataken Alloh kanthi istilahipun Gusti Pangeran, Sang Pangeran, Gusti Inggang Maha Kuwaos. Masarakat desa Glempang Pasir ngugemi sanget kasadharan dhumateng Gusti Pangeranipun, ingkang sampun wonten ing salebeting manah panjenenganipun.

Kanthi cara ndongakaken arwah leluhur, masarakat desa Glempang Pasir pitados badhe paringaken raos slamet, waras. Wontenipun ritual slametan wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil gadhah ancas namung kangge nggayuh rasa slamet kanthi cara nyuwun dhumateng Gusti Alloh SWT kanthi lantaran arwah leluhur wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil kasebut.

B. Asal-usulipun Tradhisi Ziarah Wonten Ing Petilasan-petilasan Ing Gunung Srandil

Data ingkang kapundhut inggih menika data primer, menika saking kasiling wawancara tokoh masarakat desa Glempang Pasir. Cariyos babagan asal-usulipun wontenipun tradhisi ziarah menika wonten kalih versi inggih menika

saking Bapak Saliyo minangka narasumber wonten ing paguyuban juru kunci Gunung Srandil saha Bapak Suryadi minangka juru kunci keturunan saking juru kunci ingkang pertama, tradhisi ziarah wonten ing Gunung Srandil menika sampun dipunadani saking jaman Majapahit dumugi samenika, ugi pelaku tradhisinipun mboten namung saking masarakat biasa ananging dumugi para satrianing nagari.

Wonten ing jaman krajan Majapahit, Prabu Brawijaya Pamungkas rikala krajanipun badhe *ngalami keruntuhan*, Sang Prabu Brawijaya Pamungkas pikantuk pitedah bilih supados maratapa wonten Gunung Srandil. Cariyos punika jumbuh kaliyan andharanipun Bapak Saliyo minangkla salah satunggaling juru kunci Gunung Srandil :

“sebage kathah tiyang sami ziarah saking pundi kemawon mboten memandang saking pihak suku agama dan ras. Karena rumiyin niku, saat jaman runtuhnya Majapahit (Brawijaya terakhir) niku mendapatkan petunjuk agar maratapa di daerah Cilacap, gunung yang berdekatan dengan laut. Karena dahulu laut itu disebelahnya”.
(CLW03)

Sebabipun kathah tiyang sami ziarah saking pundi kemawon mboten ningali saking suku, agama saha ras. Amargi kala rumiyin menika nalika jamanipun runtuhipun Majapahit ingkang dipunpimpin dening Prabu Brawijaya Pamungkas menika pikantuk pitedah supados maratapa wonten ing daerah Cilacap, gunung ingkang caket kaliyan laut. Amargi rumiyin menika laut menika wonten ing sebalahipun. (CLW03)

Wonten mriku Prabu Brawijaya Pamungkas kaliyan Mahapatih Gajah Mada saha para pujangga sami tapa wonten ing Gunung Srandil. Sesampunipun dipunangge tapa dening Prabu Brawijaya kaliyan Mahapatih Gajah Mada saha para pujianganipun, Gunung Srandil dados sakral lajeng dipunangge napak tilas utawi ziarah dening masarakat panyengkuyungipun.

Saha wonten salah satunggaling informan ingkang nyebataken bilih rikala semanten petilasan ing Gunung Srandil dipunangge nyebaraken agami Islam wonten pesisir pantai selatan. Cariyos punika inggih jumbuh kaliyan andharanipun informan inggih menika Bapak Suryadi :

“sejarah asal-usulipun menika saking Mataram jaman Majapahit, kawit menika. Lha menika ingkang teng mriki ingkang nomer kalih. Niki kan nuwun sewu, turunan majapahit itu adalah kalih nggeh, kakak beradik. Nah ingkang sepuh menika ngratoni wonten Tanah Suci, nah ingkang nem niku ngratoni ing tanah Jawa nggeh menika ing Gunung Srandil, mboten kula sebut namine niki nggeh. Inggih nami seniki mawon, ingkang dipun wastani Mbah Gusti Agung Sultan Ahmad Murahidin, nek daerah Jogja nyebutipun Mbah Gusti Agung Heru Cokro, menika ingkang diwastani keturunan patih Mataram Majapahit. Awit menika karena jaman rumiyin kan nuwun sewu pertama untuk menyebarkan Islam wonten tanah Jawa niku nggeh teng pantai selatan wonten mriki, sebeneripun Islam tapi Islam Jawa”. (CLW01)

Saking andharanipun informan ing nginggil saged dipunpundhut pangertosan bilih Gunung Srandil menika dipundadosaken papan kangge nyebaraken agama Islam wonten ing pesisir pantai selatan ingkang dipun wiwiti dening Mbah Gusti Agung Sultan Ahmad Murahidin. Inggih salajengipun dipun ginakaken dening masarakat panyengkuyungipun utawi peziarah kangge ritual nyaketaken kaliyan Gusti Inggih Maha Kuwaos saha dipundadosaken papan ritual dhateng tiyang-tiyang ingkang sami gadhah panuwun, ingkang ndadosaken tradhisi ing masarakat kita dumugi wekdal samenika. Bentehipun versi mboten dados perkawis dening peziarah saha para pelaku ritual wonten ing Gunung Srandil, sedayanipun sami ngormati menapa ingkang sampun wonten ngrembaka.

1. Kawontenaning Petilasan

Komplek petilasan ing Gunung Srandil wiyaripun kirang langkung 1 hektar. Salebetipun wonten Gunung Srandil wonten 6 petilasan lajeng wonten 1 petilasan ingkang wonten njawi. Sangajenging kompleks petilasan Gunung Srandil wonten wande, wonten kamar saha gadhah latar ingkang wiyar kangge parkir peziarah, lajeng ingkang sisih wetan, kilen saha kidul menika wewatesan kaliyan sabin kanthi dipun watesi pager keliling.



Gambar 05 Gunung Srandil saking sisih wetan

Gambar ing nginggil menika Gunung Srandil ingkang dipunpundhut gambaripun saking sisih wetan Gunung Srandil. Wonten ing kompleks petilasan ing Gunung Srandil menika wonten 6 wewangunan kangge petilasan, lajeng wonten 6 wewangunan malih kangge sarana pendukung kangge para peziarah. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan ing ngandhap punika :

“neng komplek petilasan ana 12 bangunan, nek kang ngarep ya ana pos sekretariat juru kunci, petilasane Juragan Dampu Awang, sumur, petilasane Mbah Gusti Agung, petilasane Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, petilasane Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga, papan nggo istirahat, mushola, vihara, terus karo sing nang nduwur petilasane Eyang Langlang Buwana karo ana papan nggo nyimpen benda pusaka, terus sing nang njaba petilasane Eyang Sukma Sejati”. (CLW 02)

“wonten komplek petilasan wonten 12 wewangunanipun, menawi saking ngajeng inggih menika pos sekretariat juru kunci, petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang, sumur, petilasanipun Mbah Gusti Agung, petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga, papan kangge istirahat, mushola, vihara lajeng menawi ingkang nginggil menika petilasanipun Eyang Langlang Buwan saha wonten papan kangge nyimpen benda pusaka, lajeng wonten njawi menika petilasanipun Eyang Sukma Sejati.” (CLW 02)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih wonten salah satunggaling wewangunan ingkang wonten njawi komplek Gunung Srandil ananging taksih dados bagian lelampahan tradhisi ziarah. Sedaya petilasanipun sampun dipunkramik, menika supados kebersihanipun saged dipun jagi. Wewangunan petilasan ingkang kaping pisan menawi dipun urutaken saking pintu gerbang Gunung Srandil inggih menika petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang. Petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang utawi ingkang dipun wastani Pangeran Cheng Hoo. Mbah Juragan Dampu Awang menika makam aslinipun wonten Semarang, andharan menika jumbuh kaliyan informan ing ngandhap menika :

“Mbah Juragan Dampu Awang, niku saking Cina Shampokong, niku makam asline wonten Semarang (pangeran Cheng Hoo) dugi mriki dados Juragan Dampu Awang, menika saudagar”. (CLW01)

Saking andharan ing nginggil menika saged dipun mangertosi bilih Mbah Juragan Dampu Awang menika saudagar saking Cina kanthi gadhah nama asli Pangeran Cheng Hoo lajeng wonten Gunung Srandil dipun wastani Mbah Juragan

Dampu Awang. Petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang menika awujud persegi, dipunkramik, werninipun pethak, lajeng wonten halamanipun. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“bentuke persegi ana gapurane, ada latare. Terus neng njero ana rong petilasan tapi sing siji ora diaktifna. Dadi ya sing diaktifna mung petilasane Mbah Juragan Dampu Awang”. (CLW 02)

Bentukipun persegi wonten gapuranipun, lajeng wonten lataripun. Lajeng wonten lebet wonten kalih petilasan ananging ingkang setunggal mboten dipun aktifaken kangge prosesi ziarah. (CLW02)



Gambar 06. Petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang

Saking gambar wonten nginggil menika nedahaken bilih petilasanipun Mbah Juragan dampu Awang kanthi pintu gerbangipun awujud gapura lajeng wonten lebet ketingal petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang ingkang bentukipun persegi dipun keramik kanthi werni pethak. Petilasan salajengipun inggih menika petilasanipun Mbah Gusti Agung. Mbah Gusti Agung menika ingkang nyebaraken Islam wonten ing daerah pesisir pantai selatan. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“Mbah Gusti Agung Heru Cokro, menika ingkang diwastani keturunan patih Mataram Majapahit. Awit menika karena jaman rumiyin kan nuwun sewu pertama untuk menyebarkan Islam wonten tanah Jawa niku nggeh teng pantai selatan wonten mriki, sebeneripun Islam tapi Islam Jawa”. (CLW 01)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih Mbah Gusti Agung utawi Mbah Gusti Agung Heru Cokro menika keturunan saking patih Mataram Majapahit ingkang nyebaraken agami Islam wonten ing pesisir selatan tanah Jawa. Petilasanipun Mbah Gusti Agung wujudipun persegi lajeng ing lebet wonten 3 patung, kanthi kalih ukuran alit lajeng setunggal ingkang woten tengah kanthi ukuran sedeng. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“bentuknya kaya pendopo, ukurane sekitar 4x3m, terus ana patung kanggo ndelah sesaji neng ngarepe”. (CLW 02)



Gambar 07. Petilasanipun Mbah Gusti Agung

Gambar wonten nginggil menika petilasanipun Mbah Gusti Agung, ingkang bentukipun persegi kanthi wiyaripun kirang langkung 4x3m. Wonten

mriku wonten 3 patung, peziarah biasanipun ndelah sesajinipun wonten ngajeng patung ingkang wonten tengah.

Lajeng petilasanipun Eyang Sukma Sejati, Eyang Sukma Sejati menika juru kunci Gunung Srandil ingkang wiwitan, inggih menika Eyang Kuncisari kaliyan Eyang Danasari lajeng dipun dadosaken setunggal. Andharan menika jumbuh kaliyan informan ing ngandhap :

“...niku makam juru kunci pertama (Eyang Kuncisari kaliyan Eyang Danasari) niku kakang adi nanging dados setunggal menika ingkang dipun-wastani Eyang Sukma Sejati”. (CLW01)

“...menika makam juru kunci pertama inggih menika Eyang Kuncisari kaliyan Eyang Danasari. Menika kakang adi ananging dipun dadosaken setunggal, menika ingkang dipun wastani Eyang Sukma Sejati”. (CLW01)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih Eyang Kuncisari saha Eyang Danasari menika kakang adi ingkang dados juru kunci pertama wonten ing Gunung Srandil, lajeng dipun dadosaken setunggal ingkang dipun wastani Eyang Sukma Sejati. Petilasanipun Eyang Sukma Sejati inggih menika wonten njawi saking pager keliling komplek petilasan Gunung Srandil, kangge tumuju wonten petilasanipun Eyang Sukma Sejati medal pintu ingkang wonten ngajeng petilasanipun Mbah Gusti Agung.



Gambar 08. Petilasanipun Eyang Sukma Sejati

Gambar wonten nginggil menika petilasanipun Eyang Sukma Sejati, wewangunan pendopo bentukipun persegi kanthi wiyaripun kirang langkung 4x6m lajeng wonten lebet petilasanipun persegi panjang lajeng wonten ngajengipun petilasan wonten papan kangge ngobong menyan. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“papane neng njaba pager keliling Gunung Srandil. Bangunane persegi ukurane sekitar 4x6m lan ditutup tembok separo”. (CLW 02)

Papane wonten njawi nipun pager keliling Gunung Srandil, wewangunanipun persegi kirang langkung 4x6m saha dipuntutup tembok separo. (CLW 02)

Petilasan ingkang kaping sekawan inggih meika petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari. Nini Dewi Tunjung Sekarsari menika garwanipun Kaki Tunggal Sabdo Jati Daya Amongraga utawi ingkang dipun wastani Kaki Semar

ingkang petilasanipun cecaketan, ananging dipun watesi tembok. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“Nek Nini Dewi Tunjung Sekarsari kuwe garwane Kaki Semar”. (CLW 04)

Menawi Nini Dewi Tunjung Sekarsari menika garwanipun Kaki Semar (CLW 04)



Gambar 09. Petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari

Gambar wonten nginggil inggih menika petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari, papanipun mepet kaliyan tebing Gunung Srandil lajeng petilasanipun sampun dipun kramik, supados kebersihanipun saged dipun jagi. Lajeng ingkang dipun paringi payon namung petilasane kemawon. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“nek petilasane Nini Dewi kue sing ana payone namung nduwur petilasane tok. Petilasane dipager keliling, wis dikramik tapi ora ana payone”. (CLW 02)

Menawi petilasanipun Nini Dewi tunjung Sekarsari menika ingkang wonten payonipun namung petilasane kemawon. Petilasanipun dipun pager keliling, sampun dipun keramik ananging mboten wonten payonipun. (CLW 02)



Gambar 10. Petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga

Gambar ing nginggil menika inggih menika petilasanipun Kaki Tunggul Sabdo Jati Daya Amongraga utawi ingkang dipun wastani Kaki Semar. Wonten petilasanipun Kaki Tunggul Sabdo Jati Daya Amongraga inggih menika wonten wewangunan ingkang awujud pendopo kanthi wiyaripun kirang langkung 5x6 meter. Wonten pendopo menika asring dipun ginakaken prosesi ritual dening Paguyuban Sabdo Jati ingkang biasanipun dipun wontenaken saben Malem Minggu Wage. Wonten patung kalih patung semar inggih menika wonten tengah pendopo kaliyan wonten ninggil petilasanipun kanthi ukuran alit. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“neng njero petilasan ana patung semare ukurane sedengan nggo ndelah sesaji. Bentuke pendopo, ambane sekitar 5x6m. Terus petilasane bentuke persegi panjang neng kono juga ana patung semare nanging ukurane cilik”. (CLW 02)

Wonten lebet enten patung semar kanthi ukuran sedeng kangge ndelah sesaji. Bentukipun pendopo, wiyaripun kirang langkung 5x6m. Lajeng

petilasanipun wujudipun persegi panjang, wonten mriku ugi wonten patung semaripun ananging ukurane alit. (CLW 02)

Salajengipun inggih menika petilasanipun Eyang Langlang Buwana, petilasanipun inggih menika wonten ing nginggil utawi wonten pucuk gunung Srandil. Menawi badhe minggah kedah lewat tangga ingkang wonten sisih wetan. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“nek petilasane Eyang Langlang Buwana ya neng nduwur, mungmah liwat tangga. Anak tanggane kurang lewih 96”. (CLW 02)

Menawi petilasanipun Eyang Langlang Buwana menika wonten nginggil, minggah medal tangga ingkang jumlahipun kirang langkung 96. (CLW 02)



Gambar 11. Petilasanipun Eyang Langlang Buwana

Gambar ing nginggil inggih menika wewangunan petilasanipun Eyang Langlang Buwana. Papanipun wonten nginggil, petilasanipun inggih menika wonten salebeting wewangunan ingkang dipun tembok. Lajeng wonten njawi

menika wonten halaman kangge para peziarah ingkang sami ngantri bilih badhe ziarah wonten ing petilasanipun Eyang Langlang Buwana.

C. Prosesi Tradhisi Ziarah Wonten Ing Petilasan-petilasan Ing Gunung Srandil

Peziarah pitados bilih menawi ziarah wonten komplek petilasan Gunung Srandil menika sinten kemawon ingkang gadhah panyuwunan lajeng tapa utawi ziarah wonten mriku, mila panyuwunanipun saged kasembadan saking Inkang Maha Kuwaos lumantar tapa wonten mriku. Mila menika ingkang nyebabaken kathah peziarah sowan wonten mriki kangge tapa utawi ziarah. Babagan punika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* wonten ngandhap :

“..., banyak yang cerita. Ibaratnya begini, panjenengan dulu orang susah, orang saya juga ada, orang saya banyak. Ibaratnya mau makan aja susah, tapi sekarang jadi sukses, jutawan. Karena datang ke Srandil kan maaf ya, tidak hanya keberkahan tapi minta diubah nasibnya”.
(CLW 01)

“..., kathah ingkang carios. Ibarate kados mekaten, sampeyan rumiyin tiyang susah, tiyangipun kula nggeh wonten, tiyangipun kula kathah. Ibarate badhe dhahar mawon awis, nanging samenika dados sukses, jutawan. Amargi sowan wonten Srandil, kan pangapuntenipun, mboten namung nyuwun kaberkahan ananging ugi nyuwun dipunubah nasibipun”.
(CLW 01)

Tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten Gunung Srandil menika tradhisi ingkang urip saha lestamtun. Tradhisi menika sampun dipun wontenaken kanthi turun temurun, wonten pundi anggenipun ngandharaken kanthi lisan saha arupi kagunganipun sesarengan kaliyan masyarakat pendukungipun.

Gunung Srandil bikakipun ing dinten Senen dumugi Minggu, jam bikakipun saged jam pinten kemawon. Ancasipun dipunbikak saben dinten amargi

paring kalodhangan dhateng peziarah ingkang badhe ziarah ing Gunung Srandil, kapan kemawon peziarah anggenipun ziarah.

Gunung Srandil ramenipun ing malem Selasa Kliwon saha malem Jum'at kliwon, menapa malih menawi ing sasi sura. Ing ndalu-ndalu menika peziarah sami mulai rawuh pas sederengipun maghrib. Puncakipun peziarah wiwit saking jam 21.00 WIK ngantos dumugi jam 03.00 WIK. Kados ingkang dipun andharaken dening informan :

“ya biasanya hari Selasa Kliwon dan Jum'at Kliwon, tapi ada juga yang nambah-nambahin skearang hari apa saja rame. sebetulnya jum'at kliwon dan selasa kliwon, tapi karena sekarang saking banyaknya pengunjung jadi hari semuanya ya pada dijalani ritual”. (CLW 03)

“nggeh biasanipun dinten Selasa Kliwon saha Jum'at Kliwon, nanging nggeh wonten ingkang nambah-nambahi, samenika dinten menapa kemawon rame. Sebenere nggeh Jum'at Kliwon saha Selasa Kliwon, naning amargi kathahipun peziarah nggeh dados dinten menapa kemawon sami ritual”. (CLW 03)

Ramenipun peziarah nyebabaken antrian ziarah ingkang kathah dados Gunung Srandil rame dumugi jam 03.00 WIK. Puncakipun ritual menika jam 23.00 WIK wonten pundi peziarah menika sami mubengi Gunung Srandil amargi peziarah pitados bilih sawekdal mubeng supados pethukan kaliyan pangreh gaib, amargi peziarah ingkang mubeng kaliyan maos donga menapa ingkang dados pangajengnipun mila pangreh gaib menika dipunkajengangen supados mbiyantu pangajengnipun dhateng ingkang Maha Kuwaos supados pangajengnipun saged kasembadan.

Kangge peziarah ingkang asalipun saking njawi daerah utawi saking njawi pulau Jawa biasanipun anggenipun nyipeng wonten ing kompleks petilasan utawi

wonten ingkang sami nyipeng wonten griyanipun juru kuncipun. Menawi ziarah ingkang asalipun mboten tebih saha mbeta kendharaan piyambak kados sepedha motor utawi mobil, sesampunipun ziarah limrahipun *peziarah* sami kondur.

a. Urut-urutanipun prosesi ziarah

1. Sowan griyanipun juru kunci

Lampahipun ritual tradhisi ziarah wonten ing Gunung Srandil menika dipun wiwiti kanthi sowan wonten griyanipun juru kunci. Juru kunci Gunung Srandil menika wonten 14 tiyang inggih menika Bapak Surydi, Martosaino, Praptogino, Topomiharjo, Sutanto, Hadi Suwanto Agus, Hadi Suwito Carub, Bambang Sujadi, Wiryareja Tarsim, Wiryo Atmaja Warno, Tugiyo, Marto Miharjoramun, Wiryantani Rasyid, Hadisukanto Titor. Wonten wekdal kapungkur juru kunci Gunung Srandil punika dipunpilih dening desa, ananging wonten kalih juru kunci Gunung Srandil wonten ingkang sampun turun-tumurun wiwit saking mbah buyutipun dados juru kunci. Panjenenganipun inggih punika Bapak Suryadi saha Bapak Topomiharjo, Bapak Suryadi ugi dados ketua juru kunci Gunung Srandil. Saderengipun badhe tumuju wonten ing Gunung Srandil kedah sowan rumiyin wonten griyanipun juru kunci kangge ngandharaken niat saha ancasipun badhe ngawontenaken ritual. Cecawisan punika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* 1 inggih punika :

“iya sowan dulu, menyampaikan niat dan tujuannya apa. Cuman untuk jaman sekarang ini masih kurang ini lho mas, jadi seolah-olah itu kaya mengabaikan juru kunci yang disini. Kadang-kadang dari Jogja atau dari manapun itu datang kesini langsung ke Srandil itu katanya mengaku kesepuhan atau juru kunci Srandil, langsung masuk sendiri. Yang namanya juru kunci itu adalah pribumi. Seharusnya itu

pendatang harus menghormati. Bagaimanapun yang punya hak itu juru kunci". (CLW01)

Inggih sowan rumiyin, ngandharaken niat saha ancasipun. Ananging jaman samenika taksih kirang mas, dados kados sani mboten nggatosaken juru kunci ing wonten mriki. Kadang kala wonten ingkang saking Jogja utawi saking pundi kemawon ingkang sowan wonten Gunung Srandil menika ngakunipun kesepuhan utawi juru kunci Srandil, lajeng langsung mlebet piyambak. Inggang naminipun juru kunci menika nggeh pribumi. Kedahipun pendatang kedah ngormati juru kunci. Kados pundi mawon ingkah gadhah hak menika nggeh juru kunci. (CLW01)

Saking andharanipun informan kasebut saged dipun mangertosi bilih menawi badhe ngawontenaken ziarah kedah sowan rumiyin dhateng juru kunci Gunung Srandil. Reroncening ingkang wiwitan inggih punika sowan wonten ing griyanipun juru kunci kangge ngandharaken niat saha ancasipun ngawontenaken ziarah ing Gunung Srandil.



Gambar 12. Wonten dalemipun juru kunci

Wonten ing nginggil punika peziarah ingkang saweg sowan rumiyin wonten dalemipun juru kunci, kangge ngandharaken menapa ingkang dados pangajengipun saha nyuwun ijin kangge ziarah wonten ing kompleks petilasan

ing Gunung Srandil. Peziarah kedah sowan rumiyin wonten juru kunci amargi juru kuncinipun menika inggih tiyang pribumi dados sinten kemawon ingkang badhe ziarah nggih kedah ngormati juru kunci setempat, mboten asal langsung mlebet kemawon.

2. Nyawisaken Sesaji

Sesampunipun sowan ing griyanipun juru kunci, para peziarah nyawisaken sesaji utawi ubarampe kangge sarat nglampahi prosesi ziarah. Para peziarah mboten kedah repot-repot mbeta sesaji saking griya, amargi wonten ing kompleks Gunung Srandil kathah ingkang sami sadayan sesaji utawi ubarampe mila peziarah saged tumbas sesaji utawi ubarampe wonten mriku. Para peziarah ingkang nyawisaken sesaji kados dene sekar telon saha kemenyan, sekar telon dipunbekta kangge nyekar wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil kados dene petilasanipun Mbah Gusti Agung, Eyang Sukma Sejati, Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, Kaki Sabdo Jati Daya Amongra, Juragan Dampu Awang, Eyang Langlang Buwana lajeng menawi kemenyan dipunobong dipunginakaken kangge nglantaraken donga nalika sowan ing saben petilasan wonten ing lelampahan prosesi ziarah.



Gambar 13. Sesaji ingkang dipuncawisaken

Wonten ing nginggil punika sesaji ingkang dipuncawisaken kangge ziarah, sesaji menika sampun dipun sade wonten ing wande-wande kompleks petilasan Gunung Srandil. Sesaji utawi ubarampe menika arupi pralambang ingkang gadhah makna inggih menika *media* kangge nedahaken kanthi cara mboten langsung maksud saha ancasipun ritual dening peziarahipun. Babagan punika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* wonten ngandhap :

“nek ubarampe niku sedaya niku saking kepercayaan, mungkin Negara Indonesia kan kathah sing hal menika enten sing percaya enten sing mboten, kan enten sing cukup pake doa. Sing penting syarat pertama saking ati niku ikhlas, nomer kedua karena kita orang Jawa niku membawa ubarampenipun kembang menyan”. (CLW01)

“Menawi ubarampe menika sedayanipun saking kapitadosan, mungkin Negara Indonesia kan kathah ingkang hal menikawonten ingkang pitados saha wonten ingkang mboten, lajeng wonten ingkang cekap ngangge donga kemawon. Inggih penting syarat ingkang kapisan inggih menika saking ati menika ikhlas, salajengipun amargi kita tiyang Jawa menika mbeta ubarampenipun nggeh kembang menyan”. (CLW01)

“lhah angger wong Jawa ubarampe pertama nggeh kembang menyan, sing dene rokok, minyak wangi kae ming nggo pelengkap.”(CLW02)

“lhah menawi tiyang Jawa ubarampe ingkang kaping pisan inggih menika kembang menyan, menawi kados rokok, minyak wangi menika namung dados jejangkep.” (CLW02)

Saking andharan *informan* wonten nginggil dipunmangertosi bilih sesaji ingkang dipunbekta inggih punika sekar telon saha menyan. Menawi wonten kados rokok utawi minyak wangi menika namung kangge jejangkep. Menawi sampun cawis sedaya, peziarah tumuju dhateng Gunung Srandil sesarengan kaliyan juru kunci tumuju petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil.

3. Nyamektakaken Dhiri

Sederengipun tumuju wonten petilasan ing Gunung Srandil, peziarah menika kedah suci amargi wonten Gunung Srandil menika papan ingkang suci saha dipun-keramataken, kados dene nglampahi mutih utawi methak kangge bersih dhiri. Puasa mutih utawi methak inggih menika puasa ing anggenipun nglampahi mboten dhahar saha ngombe kajaba sekul pethak saha toya pethak kemawon. Anggenipun mutih ing salebeting ritual. Kados dene ingkang dipunandharaken dening *informan* :

“nek niku anggenipun nglampahi nek saged niku mutih, kan untuk bersih diri”. (CLW01)

“menawi kados menika anggenipun nglampahi ritual menawi saged menika mutih, kan kangge bersih dhiri”. (CLW01)

Amargi ritual ziarah ingkang paling sae menika dinten Selasa Kliwon kaliyan Jum’at Kliwon. Anggenipun puasa mutih utawi methak menika kawit Selasa Kliwon, Rebo Manis, Kemis Paing utawi malem Rebo Pon, Kemis Wage,

Jum'at Kliwon. Babagan punika jumbuh kaliyan andharanipun informan ing ngandhap punika :

“puasa niku nggeh biasane kawit kala wingi malem Rebo Pon, Kemis Wage, Jum'at Kliwon, apa Selasa Kliwon, Rebo Manis, Kemis Paing. Niku mundhut dinten sing dina lan pasarane ketemu 40, kaya niku. Padha kalih sing 40 dina. Nah nek ritual kawit wingi, soale ritual niku kan menurut Kanjeng Sunan Kalijaga niku karena tiyang seniki ritual 40 dina full niku kathah sing mboten kiyat, mulane saged disyartiati 3dina 3wengi, tapi sing dina lan pasarane ketemu 40, mulane dina-dina niku dikeramataken”. (CLW04)

“puasa menika nggeh biasanipun kawit kala wingi malem Rebo Pon, kemis Wage, Jum'at Kliwon utawi Selasa Kliwon, Rebo Manis, Kemis Paing. Menika mundhut dinten ingkang dinten saha pasaraniipun kepanggih 40, kados mekaten. Sami kaliyan ingkang 40 dinten anggenipun puasa. Nah menawi ritual kawit wingi, amargi ritual menika miturut Kanjeng Sunan Kalijaga menika amargi tiyang jaman samenika menawi ritual 40 dina full menika kathah ingkang mboten kiyat, mila saged dipunsyartiati 3 dinten 3 ndalu, nanging kedah ing dinten saha pasaraniipun kepanggih 40, mila dinten-dinten menika dipun-keramataken”. (CLW04)

Saking andharan *informan* wonten nginggil saged dipun mangertosi bilih tradhisi ziarah ingkang paling utami dintenipun inggih menika Selasa Kliwon saha Jum'at Kliwon lajeng dipunsarengi kaliyan puasa methak 3 dinten 3 ndalu ing dinten saha pasaraniipun kepanggih 40 menika syarat kangge bersih dhiri ing salebeting ritual ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil.

Salajengipun, amargi Gunung Srandil menika papan ingkang dipun sucekaken mila peziarah sesuci rumiyin kanthi para peziarah sesuci rumiyin kanthi cara wudlu wonten ing papan ingkang sampun dipuncawisaken. Ancasipun para peziarah sesuci rumiyin inggih punika amargi papan ingkang kangge ngawontenaken ritual punika papan ingkang suci, mula tiyang ingkang bade

ngawontenaken ritual kedah sesuci rumiyin. Kados dene tiyang estri ingkang saweg wonten alangan menika mboten angsal ritual.

4. Sowan ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil

Menawi sedaya ubarampe sampun jangkep lajeng peziarah mlampah tumuju kompleks petilasan ing Gunung Srandil. Ingkang kaping pisan anggenipun dipun sowani inggih menika petilasanipun Mbah Gusti Agung ingkang samangke lajeng muter wonten ing kompleks petilasan Gunung Srandil. Bab menika jumbuh kalian andharanipun informan ing ngandhap punika :

“kaping pisan Mbah Gusti Agung, Eyang Sukma Sejati, Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga, Mbah Juragan Dampu Awang, Mbah Langlang Buwana niki ingkang wonten nginggil, seliyane wonten ngandhap”. (CLW04)

“kaping pisan Mbah Gusti Agung, Eyang Sukma Sejati, Nini Dewi Tunjung Sekar Sari, Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga, Mbah Juragan Dampu Awang, Mbah Langlang Buwana menika ingkang papanipun wonten nginggil, sanesipun wonten ngandhap sedaya”. (CLW04)

Saking andharan informan menika saged dipun mangertosi bilih anggenipun sowan sampun dipun temtokaken urutanipun. Peziarah kedah sowan ing sedaya petilasan amargi peziarah pitados bilih ing petilasan-petilasan menika minangka bekas pertapaanipun tiyang-tiyang sakti nalika jaman semanten ingkang dipunkajengaken saged mbiyantu peziarah supados menapa ingkang dados panjangkanipun saged dipunsembadani dening Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Lajeng ubarampe ingkang sampun dipun cawisaken menika dipun aturaken ing saben petilasan wonten ing Gunung Srandil. Anggenipun

ngarturaken ubarampe ing saben petilasan dipunwaosi donga rumiyin. Juru kunci ingkang ngarturaken ubarampenipun kanthi maosi donga kados mekaten :

“Bismillah. Niat ingsun paring sekar sega pethak anggandarum minangka kagem mbekteni dhateng para leluhur mriki”.

Ingkang salajengipun dipun pasrahaken kaliyan juru kunchi dhateng peziarah kangge ndonga menapa ingkang dados panyuwunipun peziarah. Peziarah lajeng ndonga menapa ingkang dados panyuwunipun kanthi cara kapitadosanipun piyambak-piyambak.



Gambar 14. Petilasan Mbah Gusti Agung

Gambar ing nginggil menika peziarah ingkang saweg sowan ing petilasanipun Mbah Gusti Agung ingkang dipun dampingi kaliyan juru kuncinipun. Sesampunipun dipun paringi donga dening juru kuncinipun lajeng peziarah ndonga miturut kapitadosanipun peziarah saha ngandharaken maksud

saha tujuanipun menapa ingkang dados panyuwun dening peziarah, juru kunci nderek ndampingi wonten sebelahipun dumugi peziarah anggenipun ndonga.

Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“jadi misalkan kalau dituntun juru kunci misalkan sampeyan agamanya Budha, juru kuncinya Islam kan ada kelainan. Jadi kita harus masing-masing apa kepercayaan kita. Kecuali kalau kita ziarah kubur ada tahlil sebagainya. Disini juga ada yang kaya gitu, Cuma kan kalau pas rame kan kasihan yang dibelakangnya, kalau tahlil kan waktunya lama, kalau bakar menyan kan tidak lama”. (CLW 01)

Lajeng menawi dipun tuntun dening juru kunci, misalipun panjenengan agaminipun Budha, juru kuncinipun islam mungkin kan wonten kabentenan. Mila kita kedah ndonga piyambak-piyambak jumbuh kaliyan kapitadosanipun. Kajaba menawi ziarah kubur wonten tahlil lan sanesipun. Wonten mriki nggih wonten ingkang kados menika. Nanging menawi pas rame menika melas ingkang wingkingipun. Menawi tahlil kan dangu, menawi bakar menyan kan mboten dangu. (CLW 01)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih anggenipun ndonga menika miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak. Mboten wonten donga khusus menapa menapa, donganipun medal saking atinipun para peziarah. Lelampahan menika sami kaliyan ing petilasan-petilasan sanesipun ing kompleks Gunung Srandil.

Sesampunipun sowan ing petilasan Mbah Gusti Agung, salajengipun tumuju petilasanipun Eyang Sukma Sejati ingkang papanipun wonten njawi kompleks petilasan Gunung Srandil. Sesampunipun saking petilasanipun Eyang Buwana lajeng tumuju wonten ing petilasanipun Nini Dewi Tunjung Sekarsari. Lajeng sowan wonten petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongraga.



Gambar 15. petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongragra

Gambar ing nginggil menika gambaripun juru kunci saweg ngobong menyan saha maos donga wonten petilasanipun Kaki Tunggul Sabda Jati Daya Amongragra. Ngobong menyan inggih menika kangge pralambang lumantaring donga dhumateng ngarsanipun Gusti Inggang Maha Kuwaos. Inggang salajengipun dipunpasrahaken dhateng peziarah kangge ndonga menapa ingkang dados pangajengnipun. Andharan menika jumbuh kaliyan informan :

“menyan menika kangge alat kados dene HP/telpon”. (CLW 01)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung dening pratelanipun informan :

“kukusing menyan kang dadi wewangen miturut kapercayaane wong jawi menika dadi lantaran cepeting panyuwunan utawi donga di ijabahi dening Gusti”. (CLW 05)

Salajengipun, sesampunipun sowan ing petilasanipun Kaki Tunggul Sabdo Jati Daya Amongragra peziarah nglajengaken sowan ing petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang, menika makam aslinipun wonten Semarang ingkang

dipun wastani Pangeran Cheng Hoo. Andharan menika jumbuh kaliyan informan ing ngandhap menika :

“Mbah Juragan Dampu Awang, niku saking Cina Shampokong, niku makam asline wonten Semarang (pangeran Cheng Hoo) dugi mriki dados Juragan Dampu Awang, menika saudagar”. (CLW01)



Gambar 16. Ziarah wonten petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang

Gambar ing nginggil menika peziarah ingkang sami nglampahi ziarah wonten ing petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang, ingkang lelampahipun sami kados kala wau. Juru kunci ingkang ngobongaken menyan lajeng dipun lajengaken dening peziarah.

Sesampunipun sowan ing petilasanipun Mbah Juragan Dampu Awang, lajeng peziarah minggah ing ngginggil utawi ingkang dipun sebat penangkilan, ing mriku wonten petilasanipun Eyang Langlang Buwana. Peziarah kedah

mlampah medal tangga bilih badhe tumuju ing petilasan Eyang Langlang Buwana.



Gambar 17. undhak-undhakan tumuju petilasan Eyang Langlang Buwana

Gambar ing nginggil punika inggih menika peziarah ingkang sami minggah tumuju petilasanipun Eyang Langlang Buwana. Sesampunipun sowan wonten petilasanipun Eyang Langlang Buwana peziarah mandap malih kangge nglajengaken lelampahan salajengipun.

5. Ngubengi Gunung Srandil

Peziarah ingkang sampun sowan ing petilasan Eyang Langlang Buwana lajeng wonten ingkang nengga wonten mriku ingkang badhe dipunlajengaken acara ritual salajengipun inggih menika mubeng gunung Srandil. Ananging wonten ugi peziarah ingkang sami nenggo wonten ngandhap kados ta wonten ing

mushola utawi wonten petilasan-petilasan ingkang wonten ngandhap. Menawi sampunipun mlebet jam 23.00 WIK peziarah sami mandhap lajeng nglampahi prosesi ritual salajengipun inggih menika mubengi Gunung Srandil.



Gambar 18. petilasan Eyang Langlang Buwana

Gambar ing nginggil punika peziarah ingkang sami nenggo wonten pendopo petilasan Eyang Langlang Buwana kangge acara ritual ingkang salajengipun. Samangke jam 23.00 WIK peziarah mandhap lajeng mubeng Gunung Srandil cacahipun ganjil, saged 3,5,7 menika dipunpitadosi bilih anggenipun mubeng menika saged pethuk kaliyan pangreh gaib ingkang dipunkajengaken supados saged mbiyantu paring panyuwunan dhateng Ingkang Maha Kuwaos. Babagan punika jumbuh kaliyan informan :

“mubengi Gunung Srandil niku dimaksudaken supados berpapasan dengan para pangreh gaib. Karena saat mengelilingi gunung Srandil ini

para peziarah sambil melafalkan doa permohonan, maka para pangreh gaib itu pun diharapkan membantu permohonan itu kepada Tuhan Yang Maha Kuasa agar permohonannya dikabulkan". (CLW5)

“mubeng Gunung Srandil menika dipunmaksudaken supados pethuk kaliyan pangreh gaib. Amargi pas mubeng Gunung Srandil peziarah sinambi maos donga menapa ingkang dados panyuwunipun, mila para pangreh gaib menika dipun kajengaken saged mbiyantu panyuwunan menika dhateng Tuhan Ingkang Maha Kuwaos supados penyuwunanipun dipunkabulaken. (CLW5)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih peziarah anggenipun mubeng Gunung Srandil menika anggenipun mubeng kanthi cacah ganjill.

Lajeng anggenipun mubeng menika kaliyan ndonga menapa ingkang dados pangajengipun utawi panyuwunipun supados saged dipun mirenganken dening pangreh ghaib ingkang samangke mbiyantu panyuwunan menika dhumateng Ingkang Maha Kuwaos.



Gambar 19 peziarah ingkang saweg mubeng

Gambar wonten ing nginggil menika peziarah ingkang sami mubengi Gunung Srandil. Ing acara menika asifat mligi bilih saben peziarah ndonga kanthi niat saha ancasipun peziarah menika piyambak., wonten mriku peziarah sami nyuwun piyambak-piyambak menapa ingkang dados panyuwunanipun.

6. Panutup

Acara ziarah sampun pungkasan, para peziarah medal mandhap ngliwati tangga kangge *istirahat* wonten ing papan-papan ingkang sajawining petilasan kados dene serambi mushola, saha wande-wande ingkang wonten. Para peziarah wonten ingkang nyipeng wonten ing kompleks petilasan Gunung Srandil wonten ugi ingkang nyipeng wonten dalemipun juru kuncinipun saha wonten ingkang langsung kondur amargi dalemipun caket kaliyan Gunung Srandil. Wonten wonten ugi peziarah ingkang nyipeng tirakat ngantos 3 dinten 3 dalu wonten mrika, amargi gadhah kapitadosan menawi prihatin wonten mrika sedaya panyuwunanipun saged enggal dipunijabahi Gusti Alloh SWT.

D. Makna Simbolik Sesaji

Saben acara ingkang asipat *spiritual* kados dene ritual gadhah makna-makna ingkang dipun wujudaken lumantar wujud-wujud, simbol-simbol, utawi pralambang-pralambang ingkang dipun ginakaken wonten ing ritual. Simbol-simbol menika wujud kongkritipun antawisipun basa saha wujud-wujud ingkang nggambaraken dhasaring, maksud saha ancasipun.

Pralambang-pralambang ingkang wonten ing acara ingkang dipunwontenaken gadhah *peran* dados media kangge nunjukaken kanthi cara mboten langsung maksud saha ancas ritual dening para peziarahipun. Sedaya punika ugi mboten uwal saking tradhisi para leluhur ingkang dipuntujukaken dening putra wayahipun. Sanesipun pralambang-pralambang punika wonten ugi piwulang-piwulang kangge njagi *nilai* budaya kanthi cara nglestantunaken.

Kados dene tradhisi ritual sanesipun, wonten lampahing ritual ugi dipuncawisaken sesaji-sesaji. Sesaji minangka tradhisi saking jamanipun nenek moyang menawi badhe ngawontenaken ritual. J. Van Boal ing Koentjaraningrat (1984:365) ngandharaken bilih sesaji arupi alat kangge komunikasi kanthi simbolik kaliyan makhluk-makhluk halus ing jagad gaib. Kapitadosan dhumateng wontenipun makhluk halus menika taksih dipun yakini dening masyarakat. Wonten ing masarakat Jawa sedaya perangan dipunowahi saengga badhe nuwuhaken salah satunggaling pangertosan ingkang dipunandharaken kanthi cara mboten langsung ingkang gadhah guna kangge pagesanganipun. Sadaya babagan ingkang wonten dipuntegesi supados wontenipun piranti-piranti kasebut saged dipundadosaken kangge pitudhuh utawi piwulang ingkang luhur.

Sesaji ingkang dipun ginakaken ing prosesi ritual inggih menika kembang telon saha kemenyan. Kembang telon menika kaperang saking tiga jinis sekar inggih menika mawar, melati saha kenanga. Sesaji ingkang dipun ginakaken ing ritual mboten uwal saking makna simbolikipun. Makna simbolik menika dipun sebataken saking asiling wawancara. Ing ngandhap menika inggih menika makna simbolik sesaji ingkang dipun ginakaken ing tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan

wonten ing Gunung Srandil desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap.

1. Sekar Telon

Sekar telon punika salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing acara ritual slametan. Sekar telon punika sekar ingkang gadhah tigang jinis. Sekar Telon wonten ing sajen menika wujudipun sekar mawar, kanthil, lan kenanga Adhedhasar *informan* wonten ngandhap punika, sekar telon ingkang dipunbeta menawi badhe ngawontenaken ziarah gadhah teges :

“Kados kembang niku kan pun dados kewajiban, kewajiban dalam arti ziarah teng pundi mawon niku kan mbeta sekar. Nek kembang kan wangi, dados wangen. Nopo men supayane penjangkane bisa terkembang nggeh bisa mawon”. (CLW04)

“kados kembang menika kan sampun dados kewajiban, kewajiban kanthi teges ziarah wonten pundi kemawon menika kan mbeta kembang. Menawi kembang kan wangi, dados wangen. Utawi supados menapa ingkang dados pangajengnipun saged terkembang kan saged”. (CLW4)

“nah angger kembang diantara karo menyan secara Adat Jawa nah dadi carane sarining kembang kukusing dupa minangka ya sebut menterenge sekul pethak angga ndarum. angger kembang kan sing diarah sarining kembang angga ndarum.” (CLW02)

“nah menawi kembang kaliyan menyan ing adat Jawa menika dados caranipun sarining kembang kukusing dupa minangka inggih menika sebut menterengipun sekul pethak anggandarum. Menawi kembang kan ingkang dipun pundhut sarining kembang anggandarum.” (CLW2)



Gambar 20 Sekar Telon saha Menyan

Miturut pamanggihipun Noor Sulistyobudi (2013: 43) Sekar menika dados pralambang arum lan warna. Nama sekar menika ngemu teges kados dene sekar kanthil ingkang warnipun pethak, dados pralambang raos cinta kasih, tegesipun kanthi laku utawi kumanthil-kanthil tingkah lakunipun ingkang boten pedhot, sekar kenanga menika tegesipun keneng-a utawi *mengenang* utawi ngemut-emut Gusti Allah, para leluhur ing penggalih manungsa kedah eling lan waspada wonten ing pagesangan. Sekar mawar nggadhahi teges tulus lan pangarepan. Mawar dados lambang pangarepan dunya. Mawar tegesipun mawi arsa, ingkang gadhah makna menapa kemawon ingkang dipuntindakaken kaliyan raos tulus boten pamrih, saengga sadayanipun dados awar-awar ben tawar. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan ing ngandhap menika :

“kembang kanthil putih niku supaya katon kemanthil-kanthil duwe tingkah sing apik, kenanga warnane kuning supaya bening bisa

dikenang, mawar kuwe tawar, wong nek arep ritual ziarah kanthi ati ingkang tawar utawa tulus.” (CLW 05)

Saking andharan menika, saged dipunpendhet dudutanipun bilih Sekar Telon awujud sekar mawar, kanthil, saha kenanga dados simbol aruming tumindakipun leluhur saha kekajengan supados para peziarah gadhah sifat kados dene maknanipun Sekar Telon menika.

2. Menyan

Menyan punika salah satunggaling sesaji ingkang dipunangge wonten acara ritual slametan. Menyan ingkang dipunobong punika salah satunggaling pralambang kangge nglantaraken donga ingkang dipunaturaken dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Kados dene andharanipun salah satunggaling *informan* punika :

“maknanipun menyan kangge alat kados dene telpon menika, njlentrehaken tujuanipun”. (CLW01)

“maknanipun menyan kangge alat kados dene telpon menika, njlentrehaken menapa ingkang dados ancasipun peziarah”. (CLW01)

Saking andharanipun *informan* wonten nginggil, nyebataken bilih menyan ingkang dipunobong punika kangge njlentrehaken menapa ingkang dados ancasipun peziarah dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos sanes kangge muja sanesipun. Miturut Jandra (1990 : 176) menyan punika piranti panyuwunan rikala tiyang ngaturaken panyuwunan arupi donga utawi mantra. Miturut kapitadosan menawi menyan punika dipunobong saha pejah saderengipun pungkasan anggenipun dedonga, mangka salah satunggaling pratandha bilih donganipun mboten dipunijabahi, ananging menawi menyan punika dipunobong mboten pejah saha kukusipun *mengepul* mangka panyuwunanipun badhe dipunijabahi.

Maherkesti dk (1989 : 160) nyebataken bilih menyan ingkang ngepulaken kukusipun gadhah teges, supados roh-roh mbiyantu panyuwunanipun masarakat ingkang ngawontenaken upacara.

Kados punika pirembagan babagan makna pralambang sesaji tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap. Saking sesaji punika gadhah pralambang ingkang dipunandharaken dhumateng putra wayahipun kanthi *turun-temurun*. Kanthi sedaya ancas saking sesaji kasebut inggih punika supados anggenipun nindakaken ritual slametan mboten wonten alangan satunggal punapa saha saged dipunijabahi panyuwunanipun dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Kanthi ngawontenaken sesaji kasebut mila dipunajengaken badhe nuwuhaken tentreming batos saha saged ngijabahi panyuwunanipun.

E. Paedahipun Tradhisi Ziarah

Tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap menika taksih *eksis* dipuntindakaken dening warga masarakat panyengkuyung. Masarakat panyengkuyung taksih ngukuhi adat istiadat ingkang sampun turun-tumurun tilaripun para leluhur. Tradhisi ziarah taksih dipuntindakaken ngantos dumugi samenika, awit dipunjalaripun wontenipun paedah-paedah ziarah kasebat tumrap warga masarakat panyengkuyung. Lampah tradhisi menika nggadhahi paedah-paedah ingkang sae tumraping warga masarakat, paedah-paedah ingkang wonten ing tradhisi ziarah kasebat inggih menika paedah spiritual, sosial, ekonomi saha

nglestamtunaken tradhisi. Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, pramila paedahipun tradhisi ziarah ing Gunung Srandil dipunandharaken kados ing ngandhap menika :

1. Paedah *Spiritual*

Paedah *spiritual* minangka paedah ingkang gegayutan kaliyan salah satunggaling kapitadosan masarakat. Gegayutan kaliyan pakurmatan utawi kangge muji dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos utawi para leluhur kangge nuwuhaken tentreming batos. Paedah *spiritual* wonten ing lampahing ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil menika sambet kaliyan sesembahaning manungsa nyenyuwun dhateng ngersaning Gusti kanthi linantaran berkahipun para leluhur-leluhur ingkang sampun sumare.

Lampahing traisi ziarah ing Gunung Srandil menika minangka sarana kangge nyenyuwun marang ngersaning Gusti supados tansah piningan kawilujengan, katentreman lan kabagas warasan ing pagesanganipun. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 02.

***“ya rumangsa kabeh urip sing dijaluk siji genah keslametan, loro njaluk lancar usaha, diperekna usahane ditebihna bilahine. Terus umpama panjenengan duwe gayuhan derajat lan pangkat wong lagi pendidikan ya ben diwei kepercayaan sepenuhe karo atasan panjenengan”.*(CLW 02)**

“ nggih rumaos sedayanipun tiyang gesang ingkang dipunuwun kaping pisan menika keslametan, kaping kalih nyuwun lancar usahanipun, dipuncaketaken usahanipun ditebihaken saking bilahinipun. Lajeng umpaminipun panjenengan gadhah gayuhan drajat saha pangkat amargi saweg pendhidhikan nggih supados dipunparingi kapitadosan sepenuhipun saking atasanipun panjenengan”. (CLW 02)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 01.

“Disini juga mintanya bukan sama batu apa kayu, disini mintanya tetap sama Allah cuman tempatnya lain karena beliau-beliau adalah roh suci yang dekat dengan Allah, kita harus mendekati roh suci untuk mendoakan roh suci supaya meyakinkan tujuan kita pada Allah. Lajeng untuk waras slamet, terus lancar rejeki. Banyak yang pada kesini itu sebenarnya Ratu Adil, yang dikatakan Ratu Adil itu begini mas, jauh-jauh datang dari Lampung maupun dari Sumatra, dari luar Jawa datang kesini itu minta pengadilan, pengadilan yaitu diri kita sendiri, apa kebutuhan kita kan, tapi ternyata itu diadili dan dikabulkan apa permintaannya, yang penting tujuannya itu tulus dan bersih sama percaya”. (CLW01)

“wonten mriki nggih anggenipun nyuwun mboten dhateng watu menapa kayu, wonten mriki nyuwunipun tetep dhateng Allah ananing papanipun beda amargi menika roh suci ingkang caket kaliyan Allah, saengga kita kedah nyaketi roh suci kangge ndongakaken roh suci kangge ngeyakinaken ancasipun kita dhateng Allah. Lajeng kangge waras, slamet saha lancar rejekipun. Kathah ingkang sami sowan wonten mriki menika amargi Ratu Adil, ingkang dipunwastani ratu adil menika kados mekaten mas, tebih-tebih saking Lampung utawi saking Sumatra, saking luar Jawa sami sowan wonten mriki menika nyuwun pengadilan, pengadilan inggih menika dhiri kita piyambak, menapa ingkang dados kabetahan kita, ananging menka dipunadili saha dipunkabulaken menapa panyuwunanipun, ingkang paling utami ancasipun menika kanthi tulus, bersih saha pitados”. (CLW01)

Miturut andharan ingkang sampun kababar wonten ing nginggil, pramila saged dipunpendhet dudutanipun bilih ziarah ingkang kalampahan ing petilasan-petilasan woten ing Gunung Srandil menika nggadhahi paedah spiritual. Paedah spiritual menika saged katitik saking gregetipun para warga masarakat panyengkuyung anggenipun nindakaken ziarah kangge sarana ngormati para leluhuripun, kejawi saking menika ugi nyenyuwun marang ngersaning Gusti supados piningan kawilujengan, katentreman lan kabagaswarasan ing pagesanganipun, gampil anggenipun ngupadi sandhang boga lumantar berkahipun Gunung Srandil.

2. Paedah Sosial

Paedahipun tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil menawi dipuntingali kanthi cara sosial masarakat minangka *sarana komunikasi* kaliyan masarakat. Wonten ing tradhisi ziarah punika dipunginakaken kangge sesrawungan, papan kangge media ngandharaken pamikiripun tiyang kathah, saha kabetahan masarakat kathah. Sesrawungan punika saged dipuntingali nalika saweg nengga wekdalipun ritual wonten papan-papan ingkang sampun wonten kados dene wande, mushola, saha Pendopo petilasan ingkang dipunginakaken kangge papan istirahat. Saking sesrawungan-sesrawungan punika saged nuwuhaken raos kekancan, raos guyub rukun, silaturahmi, saha *kebersamaan* satunggaling tiyang kaliyan sanesipun tanpa ningali status sosialipun. Amargi ingkang ngawontenaken ziarah wonten ing Gunung Srandil saking sedaya status sosial, saking golongan petani, pedagang, wonten ugi saking golongan pangemban pangembating praja satriyaning nagari.

Wontenipun sesaji ugi gadhah gegayutan minangka pralambang ingkang gadhah piwulang becik. Piwulang becik ingkang wonten ing pralambang sesaji tradhisi ziarah punika salah satunggaling watesan sosial amargi isinipun pitutur utawi piwulang ingkang saged dipunginakaken kangge pedhoman kangge tumindak tiyang ingkang jumbuh kaliyan norma ingkang taksih dipunugemi wonten ing masarakat. Sesaji ingkang dipunginakaken kados dene sekar kangge nyekar wonten ing petilasan saha menyan dipunobong kangge pralambang lumantaring donga dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Saengga wonten gayutipun batos tiyang kaliyan tiyang sanes, saha tiyang kaliyan Gusti

Pangeranipun. Saking tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil ugi saged nuwuhaken raos guyub rukun sesrawungan sareng kaliyan para peziarah.

3. Paedah Kangge Nglestantunaken Tradhisi

Paedahipun kangge nglestantunaken budaya inggih punika paedah ingkang gadhah gayutan kanthi njagi adat ingkang sapun wonten wiwit jaman kapungkur ingkang taksih dipunadani dening para panjurungipun. Wontenipun tradhisi ziarah wonten ing Gunung Srandil gadhah paedah minangka cara kangge nglestantunaken tradhisi. Babagan kasebut ugi taksih dipunadani dening masarakat desa Glempang Pasir saha caketipun kados dene ngawontenaken ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap, para panjurung punika tetep ngawontenaken ritual slametan menawi gadhah hajat-hajat tartamtu. Para panjurung ugi gadhah pepeginan supados putra wayahipun tetep nglestantunaken tradhisi punika, khususipun warga wonten ing desa Glempang Pasir kecamatan Adipala kabupaten Cilacap. Tradhisi leluhur ingkang dipunwarisaken kangge para putra wayahipun minangka budaya bangsa mliginipun tiyang Jawi ingkang kedah dipunlestantunaken. Tradhisi ziarah punika kathah-kathaipun dipunwontenaken nalika Jum'at Kliwon kaliyan Selasa Kliwon saha nalika wulan Sura. Tradhisi ziarah punika taksih dipunwontenaken ngantos wanci sapunika, sanadyan kathah saking para peziarah ingkang mboten mangertos wiwitanipun acara ziarah punika. Para panjurung ritual punika kathah ingkang saking sanesipun desa Glempang Pasir, kados dene andharan informan ing ngandhap punika :

“ya kebanyakan dari penjuru mana saja, pulau Jawa (Jakarta, Bandung, Cirebon, Semarang, Jogja, Surabaya) yang dari Sumatra banyak juga, dari Lampung, Palembang, Jambi, pada umumnya Sumatra lah sebagian ya ada juga yang ke Srandil”. (CLW03)

“nggeh kathah-kathahipun saking pundi kemawon, pulau Jawa (Jakarta, Bandung, Cirebon, Semarang, Jogja, Surabaya) ingkang saking Sumatra inggih kathah ugi, saking Lampung, Palembang, Jambi, nggeh sebagian nggeh wonten ugi ingkang sowan wonten Srandil”. (CLW03)

“Iha nek sing kathah-kathah kan kaya niki nggeh, sing jenenge teng Kalimantan, Palembang, teng Metro niku kan rumiyin-rumiyine kan juga asli dari pulau Jawa gitu, nah dari pulau Jawa niku trans rumiyin-rumiyine, turun-temurun due anak putu neng kana, kan kaya niku”. (CLW04)

“Iha menawi ingkang kathah-kathahipun kan kados mekaten nggeh, ingkang namine wonten Kalimantan, Palembang, wonten Metro menika kan rumiyinipun nggih asli saking Jawa, nah saking pulau Jawa menika trans rumiyinipun, lajeng turun-temurun gadhah lare, wayah wonten mrika kan kados mekaten”. (CLW04)

Saking andharan menika saged dipun mangertosi bilih kathah peziarah saking tebih-tebih ingkang rawuh wonten Gunung Srandil menika sifatipun nglestantunaken tradhisi saking para tiyang sepuhipun ingkang dipun warisaken dening putra wayahipun kanthi turun temurun dumugi wekdal samenika. Wontenipun tradhisi ziarah punika nuwuhaken raos guyub rukun dhumateng para peziarah ingkang tumuju ing Gunung Srandil ingkang sampun dipunlestantunaken wiwit jaman kapungkur saha dipuntindakaken wonten pagesangan padintenan. Paedah tradhisi ritual slametan punika kangge para panjurungipun taksih dipunugemi saha dipunjaga kanthi sae. Minangka paedah kangge nglestantunaken tradhisi, nerasaken tradhisi leluhuripun ingkang dipunanggep sejarah saha budaya.

Tradhisi budhaya tiyang rumiyin wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil taksih tetep dipunlestantunaken ngantus wanci sapunika

minangka salah satunggaling bukti sejarah supados mboten ical kawontenanipun. Nalika satunggaling tradhisi taksih nggadhahi paedah kangge masarakat panyurungipun, mangka tradhisi punika badhe tetep dipunlestantunaken. Kados ugi kangge para peziarah ingkang ngawontenaken ziarah ingkang taksih ngugemi tradhisi punika. Kangge para kadang mudha ndherek nglestantunaken tradhisi ritual slametan, punika kalebet babagan ingkang sae ingkang kedah wonten ngantos wekdal salajengipun. Kados ugi kanthi paedah wonten ing tradhisi ziarah ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap minangka kangge nglestantunaken tradhisi tiyang rumiyin ingkang taksih dipunugemi masarakat panyurungipun.

4. Paedah Ekonomi

Wontenipun petilasan-petilasan ing Gunung Srandil ugi saged mbiyantu *kesejahteraan perekonomian* warga desa Glempang Pasir. Kados dene andharanipun informan :

***“dari segi ekonomi ya sangat-sangat mendukung, hubungane kalih kesejahteraan masyarakat. Bagi yang sebagai pengantar tamu, kedua makanan-makanan yang dijual oleh masyarakat, terus yang pada nginep disini itu rumah-rumah masyarakat, terus yang jualan sesaji jadi laku. Intinnya meningkatkan kesejahteraan”.* (CLW 03)**

Saking segi ekonomi nggih ndukung sanget, gayutanipun kalih kasejahteraan masarakat. Kangge ingkang nganter tamu, lajeng dhaharan ingkang dipunsade dening masarakat, lajeng ingkang sami nyipeng nwonten mriki wonten dalemipun masarakat, lajeng ingkang sadayan sesajen nggih pajeng. Intinipun ningkataken kasejahteraan. (CLW 03)

Dana ingkang dipunangsalaken kanthi wontenipun ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil saged nambah *pendapatan* warga desa Glempang Pasir, sanesipun punika ugi nambah *pendapatan* kangge mbangun desa Glempang Pasir saha saged mbangun *sarana* umum ingkang wonten ing petilasan Gunung Srandil. Raos ikhlas saking para peziarah petilasan Gunung Srandil kalebet wujud kapitadosan dhumateng tradhisi para leluhur ingkang dipunanggep gadhah piwulang-piwulang becik tumrap pagesangan.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken ngengingi perkawis kajian tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap, pramila saged dipunpendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

1. Tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap dipun adani wonten ing kompleks petilasan Gunung Srandil ing Desa Glempang Pasir. Tradhisi ziarahipun kalampahan saben dinten dening masarakat panyengkuyung, wondene dinten ingkang paling rame inggih menika malem Jum'at Kliwon saha Malem Selasa Kliwon.
2. Asal-usulipun tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil menika wonten kalih *versi*, versi ingkang pisanan inggih menika tradhisi ziarah dipun adani saking jaman Majapahit bilih sesampunipun kangge tapa dening Prabu Brawijaya Pamungkas kaliyan Mahapatih Gajah Mada saha para pujangganipun, lajeng ingkang versi kaping kalih inggih menika Gunung Srandil dipun angge kangge nyebaraken agami Islam wonten ing *pesisir pantai selatan* ingkang dipun wiwiti dening Mbah Gusti Agung Sultan Ahmad Murahidin ingkang salajengipun dipun ginakaken dening masarakat panyengkuyungipun kangge ritual nyaketaken kaliyan Gusti Inggang Maha

Kuwaos. Benteipun versi mboten ndadosaken perkawis dening masarakat panyengkuyungipun, sedayanipun sami ngormati menapa ingkang sampun ngrembaka.

3. Tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil dipunwontenaken saben dinten amargi hakekatipun dedonga punika saged dinten menapa kemawon. Ananging langkung kathahipun dipunwontenaken dinten Selasa Kliwon saha Jum'at Kliwon. Nalika wulan ingkang langkung kathah peziarahipun inggih punika wulan Sura, peziarahipun lakung kathah saking dinten-dinten sanesipun. Inggih ngawontenaken ritual slametan punika juru kunci saha para peziarah saking pundi kemawon. Lampahipun ziarah inggih punika :

- a. Sowan griyanipun juru kunci
- b. Nyawisaken sesaji
- c. Sowan wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil
- d. Ngubengi Gunung Srandil
- e. Panutup

4. Makna simbolik sesaji wonten ing Tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan ing Gunung Srandil inggih menika.

- a. Sekar telon

Sekar Telon awujud sekar mawar, kanthil, saha kenanga dados simbol aruming tumindakipun leluhur saha kekajengan supados para peziarah gadhah sifat kados dene maknanipun Sekar Telon menika.

b. Menyan

Menyan ingkang dipunobong punika salah satunggaling pralambang kangge nglantaraken donga ingkang dipunaturaken dhumateng Gusti Inkang Maha Kuwaos.

5. Paedahipun tradhisi ziarah wonten ing petilasan-petilasan-petilasan ing Gunung Srandil inggih punika, paedah *spiritual* wonten ing lampahing ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil menika sambet kaliyan sesembahaning manungsa nyenyuwun dhateng ngersaning Gusti kanthi linantaran berkahipun para leluhur-leluhur ingkang sampun sumare. Paedah sosialipun kanthi piranti kangge sesrawungan para peziarah saha warga. Ningkataken gayutan sosial dipuntingali nalika saweg sesrawungan wonten ing wande, mushola, saha pendopo petilasan. Paedah kangge nglestantunaken tradhisi tiyang rumiyin ingkang dipunwarisaken dumateng putra wayahipun kangge budaya ingkang kedah dipunlestantunaken. Salajengipun ritual punika gadhah paedah ekonomi kanthi ningkataken *kesejahteraan* ekonomi masarakat saindengipun.

B. Pamrayogi

Wontenipun tradhisi ziarah ing petilasan-petilasan wonten ing Gunung Srandil desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap menika nggadhahi potensi wisata tumrap Kabupaten Cilacap, nanging sinarengan ewah gingsinging jaman ingkang sarwi praktis saha modern menika, wontenipun tradisi ziarah menika saged kaancam punah. Kanthi pawadan ingkang kados mekatèn meika, mila perlu wontenipun kupiya kangge nglestantunaken tradisi kasebat.

Ingang menika panaliti mrayogekaken menawi wontenipun tradisi ziarah menika perlu dipundamel buku, ing pangangkah saged dipundadosaken minangka sumbangan data kangge nambahi referensi babagan upacara tradisi ziarah ingkang wonten ing Kabupaten Cilacap. Kejawi menika saged ugi dipunginakaken kangge promosi wisata ing Kabupaten Cilacap.

KAPUSTAKAN

- Danandjaja, James. 1991. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 1996. Tantangan Penanaman Budi Pekerti Melalui Gugon Tuhon. Yogyakarta : FPBS IKIP YK.
- _____ 2006. Metode Penelitian Kebudayaan. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Herusatoto, Budiono. 2001. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta : Hanindita.
- Jandra, M. 1990. *Perangkat Atau Alat-Alat Dan Pakaian Serta Makna Simbolik Upacara Keagamaan Di Lingkungan Kraton Yogyakarta*. Yogyakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Koentjaraningrat. 1990. Pengantar Ilmu Antropologi. Jakarta : PT. Rineka Cipta.
- _____ 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Maherkesti, RA. Dkk. 1989. *Upacara Tradisional Siraman Pusaka Kraton Yogyakarta*. Yogyakarta : Proyek Inventarisasi dan Dokumentasi Kebudayaan Daerah.
- Maryaeni. 2005. Metode Penelitian Kebudayaan. Jakarta : Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy. 2002. Metodologi Penelitian Kualitatif. Bandung : Remaja Rosda Karya.
- Muhadjir, N. 2000. Metodologi Penelitian Kualitatif. Edisi IV. YK : Rake Sarasin.
- Patton, Michael Quinn. 1987. *Qualitative Evaluation Methods*. Beverly Hills : Sage Pulication.
- Purwadi. 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Cipta Pustaka.
- Shaw, Harry. 1972. *Dictionary of Literary of Terms*. New York : McBraw-Hill Book Company.
- Soepanto, dkk. 1991/1992. *Upacara Tradisional Sekaten DIY*. Yogyakarta : Depdikbud.
- Ruslan & Arifin, 2007. *Ziarah Wali : Wisata Spiritual Sepanjang Masa*. Jakarta : Pustaka Timur.
- Tashadi. 1992/1993. *Upacara Tradisi Saparan Daerah Gamping dan Wonolelo DIY*. Yogyakarta : Depdikbud.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka Jaya.

Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1988. Kamus Besar Bahasa Indonesia. Jakarta : Balai Pustaka.

LAMPIRAN

SERAT WEDHARAN

Ingang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

nama : Sumarfo
yuswa : 5
agami : islam
pakaryan : tani
alamat : Glempang Pasir Rt 01/01

Kanthi makaten kula ngandharaken menawi kula sampun dipun wawancara dening Andhika Wicaksana, supados panaliti pikantuk data kangge damel Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan "Tradisi Ziarah Ing Pesarean-Pesarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap".

Cilacap,

Ingang Damel Wedharan



SERAT WEDHARAN

Ingang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

nama : Topowikarzo
yuswa : 63
agami : Islam
pakayan : Tami
alamat : Cilempang Pasir

Kanthi makaten kula ngandharaken menawi kula sampun dipun wawancara dening Andhika Wicaksana, supados panaliti pikantuk data kangge damel Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan "Tradisi Ziarah Ing Pesarean-Pesarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap".

Cilacap,

Ingang Damel Wedharan



SERAT WEDHARAN


Ingang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

nama : Mulyadi Saliyo
yuswa : 62th
agami : Islam
pakaryan : Swasta
alamat : Glempang Pasir. RT 01/RW 01

Kanthi makaten kula ngandharaken menawi kula sampun dipun wawancara dening Andhika Wicaksana, supados panaliti pikantuk data kangge damel Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan "Tradisi Ziarah Ing Pesarean-Pesarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap".

Cilacap,

Ingang Damel Wedharan


Mulyadi Saliyo

SERAT WEDHARAN

Ingang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

nama : *Sering*
yuswa : *63*
agami : *Islam*
pakaryan : *tani*
alamat : *glempang pasir rt.2*

Kanthi makaten kula ngandharaken menawi kula sampun dipun wawancara dening Andhika Wicaksana, supados panaliti pikantuk data kangge damel Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan "Tradisi Ziarah Ing Pesarean-Pesarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap".

Cilacap,

Ingang Damel Wedharan



SERAT WEDHARAN


Ingang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

nama SURYADI
yuswa : SS
agami : Islam
pakaryan : TAXI
alamat : D.S. GLP pasir G. SRANDIL

Kanthi makaten kula ngandharaken menawi kula sampun dipun wawancara dening Andhika Wicaksana, supados panaliti pikantuk data kangge damel Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan "Tradisi Ziarah Ing Pesarean-Pesarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Kabupaten Cilacap".

Cilacap,

Ingang Damel Wedharan



Suryadi



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangasem, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207
<http://www.uniyogya.ac.id/>

140231.503.01
10 Juni 2013

Nomor : 0556/UN.34.12/01/VI/2013
Lampiran : 1 Berkas Proposal
Hal : Permohonan Izin Penelitian

5 Juni 2013

Kepada Yth.

Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
c.q. Kepala Bakesbanglinmas DIY
Jl. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta 55231

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul :

TRADISI ZIARAH ING PASAREAN PASAREAN WONTEN ING GUNUNG SRANDIL DESA GLEMPANG PASIR KECAMATAN ADIPALA KABUPATEN CILACAP

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : ANDHIKA WICAKSANA
NIM : 09205244046
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Waktu Pelaksanaan : Mei - Juli 2013
Lokasi Penelitian : Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipala Cilacap

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.



Andi Utami, S.E. Pendidikan FBS,

Andi Utami, S.E.

NIP 19670704 199312 2 001



PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
BADAN KESATUAN BANGSA DAN PERLINDUNGAN MASYARAKAT
(BADAN KESBANGLINMAS)

Jl Jenderal Sudirman No 5 Yogyakarta - 55233
Telepon (0274) 551136, 551275, Fax (0274) 551137
YOGYAKARTA

Nomor : 074 / 1243 / Kesbang / 2013
Perihal : Rekomendasi Ijin Penelitian

Yogyakarta, 10 Juni 2013

Kepada Yth.
Gubernur Jawa Tengah
Up. Kepala Badan Kesbangpol dan Linmas
Provinsi Jawa Tengah

Di
SEMARANG

Memperhatikan surat

Dari : Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri
Yogyakarta
Nomor : 0556/UN.34.12/DT/VI/2013
Tanggal : 5 Juni 2013
Perihal : Permohonan Izin Penelitian

Setelah mempelajari surat permohonan dan proposal yang diajukan, maka dapat diberikan surat rekomendasi tidak keberatan untuk melaksanakan penelitian dan memperoleh data dalam rangka penyusunan skripsi dengan judul proposal : " **TRADISI ZIARAH ING PASAREAN-PASAREAN WONTEN ING GUNUNG SRANDIL DESA GLEMPANG PASIR KECAMATAN ADIPALA KABUPATEN CILACAP** ", kepada :

Nama : ANDHIKA WICAKSANA
NIM : 09205244046
Prodi/Jurusan : Pendidikan Bahasa Jawa/Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
Lokasi : Desa Glempang Pasir, Kecamatan Adipala, Kabupaten Cilacap,
Provinsi Jawa Tengah
Waktu : Juni s/d Agustus 2013

Sehubungan dengan maksud tersebut, diharapkan agar pihak yang terkait dapat memberikan bantuan / fasilitas yang dibutuhkan.

Kepada yang bersangkutan diwajibkan :

1. Menghormati dan mentaati peraturan dan tata tertib yang berlaku di wilayah penelitian dan memperoleh data ;
2. Tidak dibenarkan melakukan penelitian dan memperoleh data yang tidak sesuai atau tidak ada kaitannya dengan judul penelitian dan memperoleh data dimaksud;
3. Melaporkan hasil penelitian dan memperoleh data kepada Badan Kesbanglinmas DIY.

Rekomendasi Ijin penelitian dan memperoleh data ini dinyatakan tidak berlaku, apabila ternyata pemegang tidak mentaati ketentuan tersebut di atas.

Demikian untuk menjadikan maklum.



Tembusan disampaikan Kepada Yth :

1. Gubernur DIY (sebagai laporan);
2. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;
3. Yang bersangkutan.



PEMERINTAH PROVINSI JAWA TENGAH
BADAN KESATUAN BANGSA POLITIK DAN PERLINDUNGAN MASYARAKAT

JL. A. YANI NO. 160 TELP. (024) 8454990 FAX. (024) 8414205, 8313122

EMAIL : KESBANG@JATENGPROV.GO.ID

SEMARANG - 50136

SURAT REKOMENDASI SURVEY / RISET

Nomor : 070 / 1503 / 2013

- I. **DASAR** : 1. Peraturan Menteri Dalam Negeri Republik Indonesia. Nomor 64 Tahun 2011. Tanggal 20 Desember 2011.
2. Surat Edaran Gubernur Jawa Tengah. Nomor 070 / 265 / 2004. Tanggal 20 Februari 2004.
- II. **MEMBACA** : Surat dari Gubernur DIY Nomor 074/1243/Kesbang/2013 tanggal 10 Juni 2013 perihal Rekomendasi Ijin Penelitian.
- III. Pada Prinsipnya kami **TIDAK KEBERATAN / Dapat Menerima** atas Pelaksanaan Penelitian / Survey di Kab. Cilacap.
- IV. Yang dilaksanakan oleh
1. Nama : ANDHIKA WICAKSANA .
 2. Kebangsaan : Indonesia.
 3. Alamat : Karangmalang Yogyakarta.
 4. Pekerjaan : Mahasiswa.
 5. Penanggung Jawab : Sri Harti Widyastuti, M. Hum.
 6. Judul Penelitian : Tradisi Ziarah Ing Pasarean – Pasarean Wonten Ing Gunung Srandil Desa Glempang Pasir Kec. Adipala Kab. Cilacap.
 7. Lokasi : Desa Glempang Pasir, Kec. Adipala, Kab. Cilacap.

V. KETENTUAN SEBAGAI BERIKUT :

1. Sebelum melakukan kegiatan terlebih dahulu melaporkan kepada Pejabat Setempat / Lembaga Swasta yang akan dijadikan obyek lokasi untuk mendapatkan petunjuk seperlunya dengan menunjukkan Surat Pemberitahuan ini.
2. Pelaksanaan survey / riset / magang tidak disalah gunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintahan. Untuk penelitian yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan. Tidak membahas masalah Politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.

3. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
 4. Setelah survey / riset / magang selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Badan Kesbangpol Dan Linmas Provinsi Jawa Tengah.
- VI. Surat Rekomendasi Penelitian / Riset / Magang ini berlaku dari :
Juni s.d September 2013.
- VII. Demikian harap menjadikan perhatian dan maklum.

Semarang, 11 Juni 2013

an. GUBERNUR JAWA TENGAH
KEPALA BADAN KESBANGPOL DAN LINMAS
PROVINSI JAWA TENGAH





SURAT REKOMENDASI PENELITIAN / SURVEY/ PKL

NOMOR : 072 / 871 / VI / 28 / 2013

- I. Dasar : Keputusan Bupati Cilacap Nomor 71 Tahun 2004 tanggal 8 Juni 2004 Tentang Prosedur Permohonan Rekomendasi Penelitian / Survey, Praktek Kerja Lapangan (PKL) dan Kuliah Kerja Nyata (KKN) di Kabupaten Cilacap
- II Membaca : Dasar surat dari Kepala Badan Kesatuan Bangsa Politik Dan Perlindungan Masyarakat Pemerintah Provinsi Jawa Tengah Di Semarang Nomor : 070/1503/2013 tanggal, 11 Juni 2013 tentang Ijin Penelitian

Yang bertanda tangan di bawah ini Kepala Badan Kesatuan Bangsa dan Politik (BAKESBANGPOL) Kabupaten Cilacap menyatakan **TIDAK KEBERATAN** untuk memberikan rekomendasi atas Pelaksanaan Penelitian yang akan dilaksanakan oleh :

1. Nama / NIM : **ANDHIKA WICAKSANA (09205244046)**
2. Pekerjaan : Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa Dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
3. Alamat : Jl. Masjid No. 484 Rt. 004 / 002 Karangemiri Kec. Maos Kab. Cilacap
4. Maksud dan Tujuan : Penyusunan Skripsi
5. Penanggung jawab : Sri Harti Widyastuti, M.Hum (Dosen Pembimbing)
6. Judul : **"TRADISI ZIARAH ING PESAREAN – PESAREAN WONTEN ING GUNUNG SRANDIL DESA GLEMBANG PASIR KECAMATAN ADIPALA KABUPATEN CILACAP "**
7. Lokasi : *Di Desa Glempang Pasir Kecamatan Adipal Kab. Cilacap*

III. Dengan ketentuan sebagai berikut :

1. Sebelum melaksanakan Penelitian, diwajibkan menyerahkan Surat Rekomendasi dari Badan Kesatuan Bangsa Dan Politik Kabupaten Cilacap Ke BAPPEDA Kabupaten Cilacap Untuk Mendapatkan Ijin Penelitian
2. Pelaksanaan Penelitian ini tidak disalahgunakan untuk tujuan lain yang berakibat pelanggaran Peraturan Perundang – undangan yang berlaku.
3. Mentaati segala ketentuan dalam pelaksanaan Penelitian dimaksud.
4. Setelah selesai pelaksanaan Penelitian harap melaporkan hasilnya kepada Bupati Cilacap lewat Kepala Badan Kesatuan Bangsa dan Politik (BAKESBANGPOL) Kabupaten Cilacap.
5. Surat rekomendasi ini akan dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila ternyata pemegang surat rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan ketentuan – ketentuan sebagaimana tersebut diatas.

IV. Surat Rekomendasi ini berlaku mulai tanggal **14 Juni 2013 s/d 30 September 2013**

DIKELUARKAN DI : CILACAP
PADA TANGGAL : 14 Juni 2013

an. KEPALA BADAN KESATUAN BANGSA DAN POLITIK



Tembusan

1. **ANDHIKA WICAKSANA** (yang bersangkutan)
2. Arsip



SURAT REKOMENDASI PENELITIAN / SURVAI

Nomor: 072/0710/27.1

- I. **DASAR** : Keputusan Bupati Cilacap Nomor: 71 Tahun 2004 tanggal 8 Juni 2004 perihal: Prosedur Permohonan Rekomendasi Penelitian / Survai, Praktek Kerja Lapangan (PKL), dan Kullah Kerja Nyata (KKN) di Kabupaten Cilacap
- II. **MEMBACA** : Surat Kepala Badan Kesatuan Bangsa dan Politik Kabupaten Cilacap Nomor : 072/871/VI/28/2013 tanggal 14 Juni 2013 perihal: Ijin Penelitian
- III. Yang bertanda tangan di bawah ini Kepala Badan Perencanaan Pembangunan Daerah (BAPPEDA) Kabupaten Cilacap bertindak atas nama Bupati Cilacap, memberikan REKOMENDASI atas pelaksanaan Penelitian / Survai dalam wilayah Kabupaten Cilacap yang dilaksanakan oleh:
1. Nama : **ANDHIKA WICAKSANA (NIM : 09205244046)**
 2. Pekerjaan : **Mahasiswa Fak. Bahasa Dan Seni UNY**
 3. Alamat : **Jl. Masjid No. 484 RT 004/002 Karangkemiri Kec. Maos Kab. Cilacap**
 4. Penanggungjawab : **Sri Harti Widyastuti, M.Hum (Dosen Pembimbing)**
 5. Maksud Tujuan Penelitian / Survai : **Penyusunan Skripsi**
 6. Judul Penelitian / Survai : **" TRADISI ZIARAH ING PESAREAN - PESAREAN WONTEN ING GUNUNG SRANDIL DESA GLEMPANGPASIR KECAMATAN ADIPALA KABUPATEN CILACAP "**
 7. Lokasi : **Di Desa Glempangpasir Kec. Adipal Kab. Cilacap**
- Dengan ketentuan-ketentuan sebagai berikut:
- a. Pelaksanaan Penelitian / Survai tidak disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu ketenangan dan ketertiban masyarakat / pemerintah.
 - b. Sebelum melaksanakan Penelitian / Survai langsung kepada responden, harus terlebih dahulu melaporkan kepada Kepala Instansi /Wilayah (Camat/Kepala Desa/Kepala Kelurahan) setempat.
 - c. Setelah Penelitian / Survai selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada BAPPEDA Cilacap.
 - d. Apabila dalam jangka waktu tertentu hasil Penelitian / Survai belum dikirim ke BAPPEDA, maka kepada Penanggung jawab / Pimpinan Lembaga Pendidikan yang bersangkutan berkewajiban mengirimkan hasil Penelitian / Survai tersebut di atas.
- IV. Surat Rekomendasi Penelitian / Survai ini berlaku dari tanggal: 14 Juni s/d 30 Septembe 2013.

Dikeluarkan di : Cilacap

Pada Tanggal : 14 Juni 2013


a.n. **BUPATI CILACAP**
KEPALA BAPPEDA KAB. CILACAP
KABID STATISTIK DAN LITBANG


Ir. PARJONO, M.Si
Pembina
Nip. 19650818 199603 1 002

Tembusan:

1. Bupati Cilacap;
2. Wakil Bupati Cilacap;
3. Kepala Badan Kesatuan Bangsa dan Politik Kab. Cilacap;
4. Camat Adipala;
5. Dekan Fak. Bahasa dan Seni UNY.

PETA DESA GLEMPANGPASIR



| KETERANGAN | |
|------------|----------------------|
| + - + | : BATAS DESA |
| == | : JALAN ASPAL |
| — | : JALAN DESA |
| 🏠 | : BALAI DESA |
| 🌊 | : AFURSINDING/SUNGAI |
| ☠️ | : MAKAM |
| ⊕ | : PUSKESMAS |
| ▨ | : PASAR |

A. Gunung Srandil




Petilasan-petilasan ing Gunung Srandil (Dok. Andhika)

B. Lelampahan ziarah



Para lelaku ziarah (Dok. Andhika)

C. Sesaji



Ubarampe ingkang dipun cawisaken (Dok. Andhika)